ҚҚ2
Ж-93
13

Сатыбай Жумағулов

# Сырым да усы шыным да...



ҚҚ·2
Ж-93

Сәйлаубай
Жумағулов

# Сырым усы да шыным да...

(*юморлық гүрриңлер*)

«Қарақалпақстан» баспасы—1984
Нөкис

ҚҚ-2
Ж-93

Жумағулов С.
Сырым да усы, шынымда...
Юморлық гүрриңлер.
Нөкис, «Қарақалпақстан» 1984—75 бет.

Сайлаўбай Жумағулов жас авторлардың бири. Ол көбинше сатира ҳәм юморлық гүрриңлерди жазып жүрипти.

Оның гүрриңлериниң бәриде ҳәзирги заман турмысынан терип алып жазылған. Автор көркемлеў сөз қуралы арқалы өмирде ушырасып туратуғын мысалларды сүўретлейди.

Топламға кирген гүрриңлердиң бәри де китап оқыўшылары ушын үлкен заўық бағышлайды.

Рецензентлер:
Сапарбай Салиев
Оразбай Әбдирахманов

18850
ҚҚАССР
Республиканск. детская
библиотека

Ж $\frac{4702250000-032}{М-357(04)-84}$ 65—84

© Нөкис, «Қарақалпақстан», 1984
157314

# БЕРДАН БОЙДАҚ

Бердан «орыс әўлие» бетте турады. Бир мәкемеде есапшы, шүкир, айлығы да жаман емес. Профсоюзларға төлеген тийинларын есапламағанда, жүз елиўден былай қайтарып айлық мийнет ҳақы алады.

Оның жумыс орны таза қалада. Азанда автобус пенен барып, ал қайтарсын бес тийинға бир стакан шимишке сатып алады да соны шағыўы менен Меңлибай шолақтың үйиниң тусынан төтелеп жаяў қайтады. Ал жылына бир мәрте он үшинши айлық алған күни, жумысынан такси менен қайтып шаршағанын шығарады.

Ол бала күнинен-ақ киши пейил болып өсти. Усы ўақытқа дейин өзлигинен бир қумырысқаны, я пан гөректи өлтирип көрген жан емес. Тек өткен бес жыллықта ғана бир гүбелектиң обалына қалды. Оған да бул айыплы емес еди-аў. Үйиниң алдындағы сыпырындыларды өртеп атыр еди, маңлайы қара отқа өзи келип урды.

Мине, биз сөз етип отырған Берданымыздың бир ғана кемшилиги бар. Ол да болса—бойдақлық. Алдымыздағы жамбылша писикте жасы отыз үшке шығады. Сонда да бир қолайын таўып үйлене алмай жүр.

Ол өзлигинен бойдақ бола қояйын деп жүрген жоқ аў. Бир жағынан қызлардың өзлери де айыплы. Сәл бир ҳеш нәрсеге турмайтуғын нәрселерге, аўызларын шүртийтисип әжийнеси тырысады да қалады.

Онда биринши муҳаббат, жетинши класстың екинши шерегинде оянды. Мектептиң қараўылының қызы Дәўлетбийкеге ашық болды. «Алпамыс» дәстанынан көширип шыйырып турып хат жазды. Қыстың қақаман суўығында, муғаллимлер кеңсесинде ашылып турған жалғыз қызыл гүлди билдирмей үзип алып сыйлық етти. Ақыры бунының бул мийнетлери зая кетпеди. Қыз «жүриўге»

келисим берди. Лекин, араларындағы муҳаббат үш ярым күн ғана өмир сүрди. Киноға барғанында бул уйықлап қалып, қызды өкпелетип алды.

Екинши муҳаббаты ақ бозлақтан келген Алтын деген қыз еди. Оның менен төрт күн ақ журди. Бесинши күни бир отырыспада, шонтаңлап отырып оған «закуска» беремен деп, ауызына шанышқы тығып алып тамамы жыйналғанларға масқара болды. Қыз ауызын услаўы менен басқа бир муртлаш жигит пенен танцаға түсип,отырыспаның соңын күтпей ақ екеўи қолтықласып кетип қалды.

Үшинши мәрте муҳаббатын өз үйинде сынап көрди. Бахтына жақын ағайинлериниң қызы жатып экыды. Мурнының оң жағында қолдан қойылғандай қалы бар, перидей суп-сулыў Мийирхан деген қыз еди. Жумысынан бир ай гезексиз отпуска алып, шарикли ручкасының еки «запаски» си таўсылғанша хат жазып өлдимазарда зорға айландырып еди. Ол тийежақ, бул алажақ болып жүргенинде және бир қырсық тап болмасы барма. Бунық басқан жери-ақ ойыла берди...

Ол былай болған еди. Бердан,оны күндегидей техникумның аўызында күтип алды. Ол бир қурдасы менен шықты. Үшеўи тротуар бойлап киятыр еди, бир ўақытта Берданның бирден қарыны аш болып кетти. Бәрҳәмә ден саўлығын қырағылық пенен сақлап, қапылып қалғанның өзинде жүзден асырып жасаўды ойлап жүретуғын ол, дәрриў бирнеме сатып алып жемекши болды. Қызларға бул туўралы айтыў уят. Ақырында бунында жолын тапты.

— Қызлар,—деди азырақ жүргеннен кейин. —Мен мына базар жайға жуўырып кирип шықсам қалай көресиз, бир кишкене жумысым бар еди.

— Мейли, бирақ тез шық. Болмаса басқа жигитлер менен кетип қаламыз!—деди, Мийирханның қурдасы ҳәзиллесип.

Сөзге Мийирханның өзи де араласты.

— Киноға кеш қалмайық!

Базар жайға қуўана-қуўана кирген Бердан, сол мандағы бир жеңгейдиң ыссы мантысынан алтаўын алып, жаңа өрли-ғурлы асай баслағанында сол еди, артбетинен күлки еситилгендей болды. Жалт қарап еди, Мийирхан қабағын үйип қарап тур. Ал, оның қурдасы болса ишин басыўы менен күлкиге шақалып атыр еди.

Бул күни олар киноға барған жоқ. Бердан уялғанынан үйине түн ортасында келип еди, Мийирхан ол-пулын түйнстирип «гөрқаў» деп жазылған бир жапырақ қағаз қалдырыпты да, екинши бир ағайининиң үйине көшип кетипти.

Жақында ол соңғы жүрген «ғарры қыз» ынанда айырылды. Бул қыз оның маңлайына сәршембиден — пийшембиге дейин ғана жазылыпты. Екеўи түнги концертке барды. Қайтарсын оны бирден қушақлап сүймекши болып, бәрин бүлдирип қойды. Албырап жүрип аўызын таба алмай, мурнының ушынан «шорп» еттирип сүйип алды. Қыз буған табанда ашыўланып, хошласпастан бәдер кетти.

Усы қызлар өзи қызық аў. Әйтеўир бир нәрселерге өкпелей береди. Ал, Бердан бойдақ болса, еле үйлене алмай жүр.

## ӨКПЕЛЕСИП ҚАЛДЫҚ

Тамара менен күндегидей парктиң арқа мүйешиндеги көк скамейкада ушырастық.

— Сәрсен!—деди ол әдеп шашымды, соң қап-қара қасымды сыйпап;—Шыны менен мени жақсы көресең бе?

— Аўа!—дедим мен. —Болмаса сениң менен бир жылдан берли бирге жүрер ме едим?!

— Сәрсен!

— Неўе?

— Онда жаным деши!

— Жаным!

— Күним деши!

— Күним!

— Айым деши!

— Айым!

— Жулдызым деши!

— Жулдызым!

— Екеўимиз «бир адамдай» болып қалдық.

— Тамара!—дедим мен азырақтан соң, оның қап-қара шашын, боялған қасын сыйпап.—Сен де мени жақсы көресең бе?

— Аўа!—деди ол. —Болмаса қашшан-ақ кетип қалған болар едим.

— Тамара!

— Неўе?
— Онда жаным деши!
— Жаным!
— Айым де!
— Айым!
— Күним де!
— Күним!
— Жулдызым де!
— Жулдызым!
— ...Екеўмиз және «бир адамдай» болып қалдық.
— Сәрсен!—деди ол бир ўақытта басын мениң көкирегиме қойып.— Тойды қашан өткеремиз?
— Алдымыздағы гүзде!
— Сәрсен!
— Неўе?
— Мен сени басқалардан қатты қызғанаман.
— Менде!
— Сен тойдан кейин ҳеш қыз бенен сөйлеспеўиң керек!
— Болады. Онда сен де ҳеш еркек пенен сөйлеспеўиң керек!
— Әжеп!
...Екеўимиз және узақ ўақыт «бир адамдай» болып қалдық.
— Сәрсен!
— Және не айтпақшысаң жаным?
— Тойдан соң сен өз жумысыңды өзгерт!
— Қайда?
— Гилең еркеклер ислейтуғын РМЗ ға!
— Неге?
— Жаңа айтпадым ба, басқалардан сени қатты қызғанаман деп.
— Әжеп! Онда сенде жумысыңды өзгерт.
— Қайда?
— Гилең ҳаял-қызлар ислейтуғын кийим тигиў фабрикасына.
— Әжеп!
...Екеўимиз және узақ ўақыт «бир адамдай» болып қалдық...
...Жақында Тамара екеўимиз әйтеўир бир нәрсениң үстинде келиспей өкпелесип қалдық. Ҳәзир ол маған ерегисип гилең еркеклер ислейтуғын РМЗ да шәкирт

болып ислеп атыр. Ал, мен болсам, гилең ҳаял-қызлар ислейтуғын кийим тигиў фабрикасында от жағыўшы болып ислеп атырман.

## ӘДЕТИН ҚОЯ ҚОЙДЫ

Қашанғы шыдап жүрейин. Менде ҳаялым жайлы, бир еки аўыз гәп қозғайын. Демек булай екен, онда мен бәринде бастан баслап айтып берейин...

Екеўимиздиң қосылғанымызға да гөр болған жоқ. Жаңа үшинши кварталға қарап баратыр. Усы аз мезгилдиң ишинде ол пайда қуўып бир неше мәрте жумыс орнын өзгертти.

Тойымыздың баўырсағы кеппестен ақ, универмагқа сыпырыўшы болып жумысқа өтти. Лийкин өткенине өлим келсин, еки күн дем алысын қосып есаплағанда, үш күн ақ иследи. Үшинши этаждан орамал алып, екинши этажда артығы менен сатып атырғанында усланып, бул жумысынан қуўылды. Соң нан комбинатына жумысқа өтти. Жейтуғын нанымыз мут және жыллылай келетуғын еди, бунда да көп турақлай алмады. Пряник қайнатылатуғын қазанға ярым қапшық дузды, қумшекердиң орнына алжасып салып жиберип, мойнына 990 кило қамыр түсти. Басқа ылаж жоқ. Аўылдағы кемпир-ғаррыларды шуўлатып жүрип, зорға төлеп қутылдық. Кондукторлықтың да басына «суў қуйды». Пирожкиге жуўырып кеткенинде, автобусы кетип қалып, қаланы еки-үш мәртебе «ешейинге» айқаныпты. Буған ашыўы келген директор, сол күни ақ «есикти нусқапты».

Булар еле дүздегиси. Үйдегиси, оннанда бетер. Қолғап тоқып сатпақшы болып, қоңсымыз Маруся кемпирден тоқыў илимин үйренгени де далаға кетти. Қойдың жүнинен ийирилген, әп-әнедей еки домалақ жип зая болды. Уйқысырап отырып тоқып, қолғаптың биреўин жети бармақлы қылып жиберипти. Ақыры, көшемизде өзинше бирдемелерди айтып, өрден ыққа шаўып жүре беретуғын Үсен жиллиге «сен кийеғой» деп бердик. Шымбайдың базарынан алып, Нөкисте сатпақшы болған шимишкасыда оңлы болмады. Пуш шықты. Самалға суўырып көрген екен, бәри желпилдеп ушып кетипти де, жерге жайып қойған қапшығының

аўзына еки түйири ақ түсипти. Пулымыз күймесин деген ой менен биреўин өзи, екиншисин мен шақтым.

Бүгинде күндегидей жумыстан шаршап келсем, ҳаялым кеўилли екен. Назланып алдымнан шықты да.

—Шабазым,бизди қутлықлап қойсаң болады?—деди ол.—Жумысқа өттим.

—Қай жерге?

—Аңшылар жәмийетине!

Не болып?—дедим мен шоршып.

—Складына қарапайым рабочийлыққа өттим!

—Онда не пайда бар екен?—дедим мен, оның ол жерге әнейилик пенен жумысқа кирмегенин сезип.

—Пайда дегениң бастан асып атыр!—Ол марапатланып мыйығынан күлип қойды.—Аңшылар ушын таптырмайтуғын патронлар ящик-ящик болып турыпты. Соннан бир қутысын алып шығып, базарға апарсаң енепаттай ақша!...

—Қоя!...

—Аўа, склад баслығыда бир ғарры кемпир. Мурнының астынан алып кетсең де, билмей қалады!...

Расында да ҳаялым көп узамай «саўда»ны гүжитип жиберди. Усылайынша арадан недәўир күнлер өтти. Бир күни жумыстан киятырсам, бир автобус тоқтап қалыпты да, оны тамамы журт қоршап алыпты. Милиционерлер де араласып жүр.

—Аманлықпа?—дедим мен, сол жердеги күлисип турган жигитлердиң биреўинен.

—Аманлық,—ол басын бир шайқап күлип алды,—бир келиншек жумыс бетинен патрон алып киятырған екен, қапы қысып қалған уақытта сумкасында жамлар бир-бирине гийисипти де биреўи көшип кетипти!

Ишим бир нәрсени сезгендей қәўетерленип топарды қақ жарып өттим де, силейип турып қалдым. Жолдағы аўзынан патронлар шашылып атырған және бир шети үңирейип тесилген қара сумка, бизиң ҳаялдики еди...

Ол еки күннен кейин, түр-түси боп-боз болып кеселханадан шығып келди. Күтилмегенде атылған патронның даўысынан қатты қорқыпты. Усы күннен баслап ол, оқлаў жеген пышықтай басылып қалды ҳәм пайданың изинен жууырыўын қоя қойды...

# ТҮСИНИК ХАТ

«Мен жылан жылы, туўылған, үшиншн класс көлеминде саўатлы, үйленген, усы күнлери былтыр пахтасын сора басып кеткен №7 бригаданың ғаўаша атызларын қақ жарып өтетуғын изейкеште оттай насосшы болып иелеп атырған Жетибай Сексенбаев, өзимниң усы түсиник хатым арқалы районлық халық суды жолдас Көшбай Ешпаевқа төмендегилерди билдиремен:

1979 жыл 17 май күни күн жаңа түсликтен аўа бергенде, әдеттегидей жумысыма келдим. Бир жеңи жоқ комбинзонымды кийип, сол тустағы май жуққан түбирге отырып темеки шектим. Оннан кейин насосымның моторының сууын, майларын тексердим. Иши даңғырлап қуурап қалған багине, сол жердеги сыртына «молоко» деп жазылған үлкен цистернадан санап турып тоғыз дүңгир солярка қуйдым. Сөйттимде «ҳар» еттирип ходлап жиберип, изейкештиң сууын тарттыра басладым.

Арадан бир кесе шай ишим ўақыт өткен жоқ. Изейкештиң бойындағы нәҳән қара талдың көлеңкесинде май болған қолымды бир шүберекке сүртип отыр едим, жергиликли ўақыт пенен саат 5 тен7,5 минут өткенде, насостың суў тартып турған тусына баслығымыз Мадияр ағаның асыранды еки сулыў ғазы жүзип келе берди. Ҳеш нәрсе ойымда жоқ. Олар менен исим болмады. Бир ўақытта күтилмеген ўақыя жүз берди. Бийшара ғазлардың деми питип турған екен. Сизге өтирик, маған шын өз көзиме өзим исенбедим. Бир кишене шабақтың изинен сүңгиген гезде екеўинде насос қәпелим де симирип тартты да кетти.

Бул көз алдымда жүз берген «трагедия»ға албыраганымнан, көзлерим уясынан патлыйып шығып кете жазлады. Өйткени, қапылгыр бул баслықтың ғазлары дә. Дәрриў орнымнан өрре турып, моторға май барып турған мыс түтикшени қос қоллап жулып таслап, оны пыр-пырлатып өширдим. Лекин, кеш еди. Қашшан-ақ насос ғазларды туўрам-туўрам етип екинши жағына суў менен қосып шығарып таслапты. Суўды мойныма дейин кешип жүрип, ғазлардың мүшелерин бирим-леп жыйнай басладым. Ең биринши бөтекелери қолыма тийди. Оннан кейин өкпе баўырлары менен мойынлары табылды. Сәң оң ҳәм шеп қанат-

лары қалқып шықты. Биреўиниң шеп аяғын излеп маңтығып бираз жүрдим. Ақыры онида таўып, еки ғаздың барлық мүшелерин санап түўеллеп, уқшатып сатийин көйлегиме орап баслықтың үйине апардым. Бахтыма, ол үйинде екен. Тосаттан болған бул ўақыяны қабырғамды қайыстырып турып, қыйналыўшылық пенен белимди таянып айтып берип едим, ол маған умтылып үйинен қуўып шықты.

Буған мен қатты қапа болып болдым. Өйткени, бул жерде мен айыплы емеспен. Негизинен, абайламаўшылық ғазлардың өзлеринен болды. Оларды насостың жанына шақырған жоқпан. Жүзип келген және шошаңлап бир шабақтың изинен сүңгиген өзлери. Қайтама ғазлардың туўрамланған мүшелерин суў кешип жүрип жыйнап, ақ көкирегим менен апарып бергениме рахмет айтсын. Басқа биреў болғанда сол ғазлардың ең болмаса бир сатанын писирип берер еди. Ал ол болса үйинен қуўып шығып уят қылды.

Мине усы күннен баслап баслық, мениң изиме әкесиниң қарызы бардай шуқшыйып түсип алды. Насосымның басында отырсам опақ, турсам сопақ болдым. Талай мәрте сокярка бермей зар жылапты. Басқа жақ қырын ағып атырғандай бир мәрте насосымның қасына бир тележка жағымсыз ийисли дусты жортаға түсирип кетти. Мурнымды басып жүрип насос ходлап, теректиң басына өрмелеп шығып таза ҳаўа жутқан күнлерим болды. Сондағы оның айтатуғыны мынаў, қалай болмасын оның ғазларын, ғазлай төлеп бериўим керек екен. «Тап усындай еки ғаз таўып бересең»—деп, туттың жапырағынан сәл үлкенлеў мийимди, жипек құртындай болып жеди. Бир ай гезексиз отпуска алып соныкиндей ғаз изледим. Табылмады. Қапылып бундай ғазлар бизиң дөгереклерде болмайды екен. Тек Россияның арқа точкасы менен Қазақстанның Торғай областында ғана жекке-сийрек өсирилетуғын қусайды. Ол жақтан әкелиўге самолетта ғаз бенен ушыўға рухсат етпейди екен. Ал поездға салыўға, биреўлер уйқылап атырғанымда алып кетип, ресторанында қуўырып жеп қояма деп қорықтым. Араға талай жас үлкенлерди салып «еки ғазының орнына еки ылақ, яки жыллаған еки түйе таўық берейин» деп жалындық. Келиспеди. Дәл

өсимликинен айнымаған сары сулыў ғаз табасаң деп турып алды.

Жолдас халық суды! Бул тартыстың кейнин өзиңиз билесиз. Екеўимиз насостың басында жәнжеллесип қалдық. Буған ашыўланған баслық «еки ғазымды төлеп берсин» деп, сизге арза түсирди. Төлейин. Лекин ғазлай емес, ақшалай. Усы өтинишимди жерде қалдырмасаңыз екен.

## АДАМ ЖАМАНЛАЎ ДА АҢСАТ ЕМЕС

Базы биреўлер адам жаманлағанды аңсат көреди. Мен буған қосылмайман. Шынлығына келгенде буннан қыйыны жоқ. Әйтеўир көкирегинде қыбырлаған жаны бар адамның қолынан бул ис келе бермейди. Бул да өз алдына бир тамаша талап.

Соны да айтып кетиў керек. Адам жаманлаўшыны арнаўлы түрде таярлап шығарып атырған орын жоқ. Бул талапты өзинше үйренгениң жөн. Бул ушын өзиңде уқып, адам жаманласам екен деген үлкен қызығыўшылық ояна болғаны еплеп үйренип кетесең.

Мәселен мен өзимди алайын. Мен де адам жаманласам екен деген қызығыўшылық мектепте оқып жүрген күнлери оянды. Жетинши вагон дегенде келетуғын «В» класста оқыйтуғын едим. Ең тұңғыш мәрте муғаллимге: «Сабақ таярлатпай, бузаў бақтыра береди» деп анамды уқпатып турып жаманладым.

Арадан күн өткен жоқ. Ертеңине сол муғаллимниң өзин анама:

— Оқыўға күнде тийин әкелип, үлкен тәнеписте пирожки сатып алып жемесең «2» қояды!—деп қас қақпай турып жаманлап өте шықтым.

Қурттайыңнан үйренген талабың менен қалай ғана хошласарсаң. Мектеп питкергениме талай жыллар болса да, еле адам жаманлаўды тоқтатқаным жоқ. Күнине, еки-үш адамнан «точно» жаманлап турыппан. Бул әдеўир өсиўшилик. Ал, бурынлары қара терге түскенимде, жаманлаған адамым биреўден артпайтуғын еди.

Жасыратуғыны жоқ. Адам жаманлаў менен бул жақты дүньяда тек мен шуғылланбайтуғын шығарман. Арамызда бул талапты түп-тамырынан меңгерип алғанлар баршылық. Һәр бир мәкемеде қапылып қалғанның

ишинде бир екеўден табылып қалады. Тағы жолларында жүргенлери, ятпый жаңа үйреншиклери де қаншама дейсең.

Мине, усындай жаңа үйренип жүргенлерге айтар кеңесим көп. Адам жаманлаў аңсат емес. Оның сырлары көп. Қолдан келгенше адам жаманлаўды таң азаннан, күн шықпай турып баслағаның жөн. Буның онша аўыры жоқ. Ҳаялыңды жулқып оятып, бас ушында саққа жүгинип отыр да қоңсыларыңның биреўин жаманлаўды баслап жибер. Егер ол тыңлағысы келмей уйқысырап жата берсе де жаңағы қоңсыңды жаманлаўды ҳәргиз тоқтатпа. Түбинде оның қулағы еситип жатады.

Тағы ўақыт пенен есаплас. Ҳәр бир минутты босқа жиберме. Адам жаманла. Мәселен, кеше Пиримбетти жаманласаң, бүгин Палымбетти жаманла. Болмаса биреўин түске дейин жаманла да, екиншисин түстен кейин жаманлап, бир күнди уг. Сөйтте Қулымбетти жаманла.

Мынаны да есиңде тут. Өтирик сөзлер менен сыпсың гәплерди көп қоллан. Адам жаманлаў деген нәрсениң өзи қаяқтан келип шығатуғынлығын жақсылап билип ал. Буның себеплери толып атыр. Бир нәрсеге ерегисип жаманлаў, хызмет орнын қызғанып жаманлаў, былтырғы бир атым насыбайға өкпелеп жаманлаў, исиң ериккенликтен жаманлаў, урыстырыў ҳәм жарастырыў ушын жаманлаў, биреўдиң сулыў ҳаялына ышқың кетип жаманлаў, мәзи бир қызық ушын жаманлаў, биреўдиң келешегинен қорқып жаманлаў, қулласы түрли жоллары көп. Усылардың биреўин таңла да бир минут ўақтыңды босқа өткермей адам жаманлаўға кирисип кет.

Соның менен қатар ислеп атырған жериңде адам жаманлаўға жағдайлы болсын. Мәселен, бул жағынан өзим мақтана аламан. Бир дәрўазасы жоқ мәкемеде, кемпиримниң орнына қараўыл болып ислеп атырман. Қуры ислеп атыр деген атағым болмаса, талабым адам жаманлаў. Сол тустағы гөне бир ағаш отырғышқа отырып аламан да, жаныма ким келсе дус келген биреўди жаманлай баслайман.

Тап бүгинде солай болады. Күндеги орныма отырып атырып-ақ биреўди жаманлағым келип кетти. Бирақ кимди жаманласам екен?

Усы пайытта астымдағы отырғыш шыйқылдап кетти.

Таптым, жаманлайтуғын адамды!. Усы орынлықты соққан адамды қатырып жаманлаў керек. Неге дейсиз бе? Ақыры не ушын ол шыйқылдайды? Өйткени ол усы отырғышқа мөлшерленген шегени қақпай үйине алып кеткен. Ҳәзир баслықтың алдына киремен де, усыларды алдына айтып шағым етемен.

Баслық өзинде екен. Басын көтерди де:

— Аўа хош хызмет?—деди көз әйнегин туўрылап қойып.

— Жас үлкен, бир ағаш устасының үстинен шағым айтып келип едим.

— Қандай шағым?

— Бизиң қараўылханадағы отырғышқа отыра алмайсаң. Шыйқылдап мазаңды алады. Оны соққан уста, тийисли шегелерди қақпай үйине алып кеткен болыўы итимал. Соған бир шара көрилсе екен!

Баслық орнынан ушып турды да, көзиндеги көз әйнегин жулып алды. Сөйтти де:

— Шығың бул жерден!—деп бақырды.

— Неге?

— Сиз жаманлап атырған адамның ким екенлигин билесиз бе?

— Яқ ким ол?

— Ахмақ, ол сизиң әкеңиз. Ертеде бизлерде азырақ ислеп, сонда ол сол отырғышты соғып берип кетип еди. Ал сиз болсаңыз уялмай.

Мен баслықтың алдынаң қара терге түсип шықтым да, өткен кеткенлерге қарап турдым. Шынында да адам жаманлаў аңсат емес аў. Қызып кетип әкемди де жаманлаппан. Енди бала, кимди жаманласам екен?

## ТОҚАЛАҚ ЕШКИ

Өзлеримиз уш-ақ адамбыз. Мен, Палымбет ҳәм Қуден. Үшеўимниздиң де несийбемиз жаман емес. Бир кәсип пенен айланысып бала-шаға бағып отырмыз. Шәштәрезбиз.

Шаштәрезхана жайымыз совхоз орайынан сәл қашықлаў болғаны менен иши-сырты пүтин. Самал ҳўўлеп кирип турған жери жоқ. Тек ишиниң едени ғана қызыл гербиш демесең, төбеси путағы жоқ биринши сортлы данерден. Былтыр бир «оральский» уста ғарры-

ның сақал-муртын бир жыл ешейин тегислеп берип, соған жалынып қақтырдық. Басқа жақларын да бежерип қойғанымыз қашшан. Қирер аўыздағы жалғыз шегеге илдирилген, музей сораса да бермей қойған қалпақлы радиомыз бар. Күн-түн заңқылдап айтады да турады. Ислемесе де түр болсын деп, Палымбет қаяқтағы бир әдетти шығарып үйиндеги ишине ғарбыз сыйып кететуғын иши геўек гөне бир телевизорын әкелип қойыпты. Үстине ярым метр қызыл ғыжым жаўып, тап ислейтуғындай етип қойғанымызға еки-үш жыл болып қалды. Булардан басқа шай қайнататуғын ески кишкене мыс самовар, үлкен үш шар айна және шаш алыўға керекли әсбаплардың неше түри бар.

Шаштәрезханамыздың алды питип атырған жантақлық. Шаш алдырыўшылар ишиндеги жалғыз аяқ соқпақ пенен келеди. Жантақларды шаўып, орнына бир нәрсе егиўге ериншеклик етип жүрмиз. Сонда да бул жантақлардың зыяны тийип атырған жоқ. Шаштәрезханамыздың еденин сыпыратуғын кемпир бир тоқалақ ешкисин арқанлап жүр.

Бизлердиң жумыс баслаўымызда қызық. Үйлеримизден таң азаннан шығамыз да шайды шаштәрезханамыздағы мыс самовардан келип ишемиз. Буны еден сыпыратуғын кемпир көмир менен пақырлатып қайнатып қояды. Өзлеримиз демлеп ишемиз. Шай ишип отырғанда еки көзимиз есикте болады. Сәл қыялап ашылса үмит пенен жалт қараймыз. Соннан есиктен шашлары желкесине түскен биреў көринсе, ол қудай жарылқап бизге шаш алдыратуғын болганы. Қуўанғанымыздан жүреклеримиз жарылып кете жазлады. Орнымыздан өрре, турып оған бир кесе шай менен бир түйир шакалад усынамыз. Ол кесени босатып бериўден орынлықлардың биреўине мирәт етемизде:

— Отырың. Шашыңызды қандай етип алайық!—деп қол қаўсырамыз.

Үшеўимиз уқыбымызға қарай шаш алыўдың түрлерин бөлисип алып қойыппыз. Мен көбинесе мектеп жасындағылардың шашын алыў менен шуғылланаман. Сақал муртты алақаны аптектиң пахтасындай жумсақ Палымбет алады. Ол мурт қырыўдың ҳәм тазадан қойыўдың шебери. Тағы алдындағы клиентиниң ийеги менен желкесин узақ сыйпаўға ҳасла еринбейди. Оның

орынлығына отырған шаш алдырыўлы уйықламай қоймайды. Гейде зорға оятып алған күнлеримиз болды. Ал шашты тықырлап алыўға Қуден епли. Ҳәр кимге услаўға беребермейтуғын қылды қақ жаратуғын өткир пакиси бар. Тоғайдай шашыңды ярым кесе шай ишимде қағып таслайды.

Тағыда жасыратуғыны жоқ. Мынаны айтып кеткенимизде жөн. Усы күнлери «жутпайтуғын» адам барма. Бизлерде тез-тезден басымызды қосып, қылмойын шийшедеги жарықлықты ишип турамыз. Бирақ бир тәўир жери себепсиз бир граммда ишилмейди. Кеше бизиң хаялдың етик алғанын жуўдық. Оның алдыңғы күни Палымбет тойдырды. Төртинши класста оқыйтуғын тентек баласы өмириниң ишинде биринши мәрте «5» баҳасын алыпты. Соны мақтап мықлап белгилеп жибердик.

Күндегидей бүгинде жумыстан кейин бирден үйимизге қайтқымыз келмей, шекемиз солқылдап отыр едик. Бир ўақытта далаға күлимсиреп шығып кеткен Қуден еки шийшени жүрегине қысып келип, стулдың үстине түргелтип қойды.

— Ишемиз,—деди ол қос алақаныи ысқылап. —Жаңа ҳаял бетке барып едим маған бир қатқан ала галстук алыпты. Соны жуўамыз.

— Бизлер қуўанып кеткенимизден гезекпе-гезек оның қолын қыстық.

— Қутлықлаймыз!

— Узақ илдирмек несин етсин!

—Жигитлер,—деди Қуден биринши шийшениң аўзын ашып атырып,—еден сыпыратуғын кемпир бизлерге өкпелеп жүрген қусайды.

— Оны ким айтты?

— Өзи айтты! Жаңа арақты алып киятырсам тоқалақ ешкисин арқанлап атыр екен. Соңғы ўақытлары көп ишетуғын болып кеттиңиз ғой деп бақырып таслады.

— Онда қәўип!—дедим мен.

— Неге?

— Баслықларымызға айтып қойыўы мүмкин. Кемпирдиң қалай болмасын кеўлин табыўымыз керек.

— Қалай?

— Оны кейин ойлапып көремиз. Қәне, әдеп мына «замзәмниң суўы» нан бир-бирден тартып жиберейик.

Қуденниң айтқаны болды. Бәримиз қалдырмай тартып жибердик. Буннан соң гезекпе-гезек оның галстугиниң тозбаўын тышқан жеп кетпеўин және тойларға тағын бара бериўин тилеклер айтып тағы үш-төрт мәрте алып тасладық. Усылайынша шийшениң ишиндегисинде қурттық. Бир ўақытта басы қызғын Палекең:

—Таптым!—деп бақырып жиберди.

—Нени?—дедим тилим зорға гүрмелеп.

— Еденди сыпыратуғын кемпирдиң кеўлин қалай табыў керек екенлигин!—Ол бизлерди қоярда-қоймай айнаға ертип келди.—Кемпирдиң ана жантаққа арқанлап қойған тоқалақ ешкисин көрип турсыз ба?

—-Аўа.

—-Әне, ҳәзир оны шаштәрезханамызға киргизиў керек. Сөйтемизде сақалын уқшатып тарап, басы менен арқасындағы жүнлерди тегислеп алып, үстине «тройной» одеколонды урып жиберемиз.

— Қойың уятты,—деди Қуденниң шыр-пыры шығып. Буны шаш алдырыўшылар есите көрмесин. Қайтып есигимизди ашпайды. Ал кемпирди болса бурынғыдан да бетер өкпелетип аламыз.

—Өкпелемейди. Қайтама қуўансын!

— Неге қуўанар екен?

—Оның «ешкимниң жүнин қырқыўға қолым тиймей жүр» деп айтып жүргени қашшан. Ал, мен онда ешкиге кеттим қайшылар менен тарақлар таярлансын.

—Ақыры Палекең өз сөзинде турды. Оның ишип алса айтқанынан қайтпайтуғын әдети бар. Қуден екеўимиз қанша жалынсақта тыңлаған жоқ. Шаштәрезханамызға тоқалақ ешкини сүйреп киргизип өзиниң орынлығына тас етип байлады. Ишке кирип қалған соң илаж қанша. Оның маңырағанына қарағанымыз жоқ. Қуден қолына тарақ пенен өткир қайшысын алып арқасындағы жүнлерин қырқыўға киристи. Мен төрт туяғындағы жүнлерин алып болып қулақлары менен мойнындағы жүнлерге тийистим. Ал Палекең өзиниң үйреншикли әдетине басты. Тоқалақ ешкиниң сақалын узақ тарап, ушларын тегислеп кести. Кейнинен еки жағына көпиртип сабын сүртип уқшатып пәки менен қырды. Соң одеколонды бурқыратып аямай септи. Ешки

шын ийисине шыдамай түшкире баслағанда ғана жумысларымызды тамамлап оны орнына арқанлап келдик.

Ертеңине үшеўимиздиң қып-қызыл мәс болып, еден сыпыратуғын кемпирдиң тоқалақ ешкисине ислеген хызметимизди ҳәмме еситипти. Буның кейини жаман болды. Шаштәрезханамызға бир де адам аяқ басқан жоқ. Шаш алдырыўшылар «қудайым тоқалақ ешкиниң сақалын алып жүргенлерден сақласын» деп қалаға кетипти.

## ҚАССАП

Әлеке қассапты ҳәмме таныйды. Оның пышағы тийген гөштиң сорпасын ишип, шып-шып терлемеген адам шенде-шен. Ол район орталығындағы бас шәңгекте гөш сатады.

Бул шәңгектиң сырты шай ящиктен соғылған менен иши кишигирим мәкемениң кеңсесиндей. Кирер аўызда сырты никельленген қол жуўғыш орын алған. Оның жоқарырағындағы нағыс ойылған сувенир кийим илдиргиште, бәрқулла түкли бир көк сүлги илдириўли турады. Әкеме буны қол сүртиўге және үйине гөш орап қайтыўға пайдаланады. Буның арырағындағы дөңгелек столда телефон. Үш номер терип, ет комбинаты менен байланыса бересең. Ал светин Мәмбет монтер менен келисип, районлық электр тармағының өзиндеги трансформатордан туппа-туўры алып қойыпты. Журттың свети өшип қалғанда буның свети өшпейди.

Әлекеңниң бул шәңгекке орналасқанына бираз ўақытлар болып қалды. Былтырғы жүўери писикте, сар-рас он сегиз жылға қарады. Бул аз ўақыт емес. Ол қассапшылықты баслағанда дүньяға «ингалап» келген бала, усы күнлери мурнына шамал енип қыз қуўып жүр.

Буған дейин ол көп жерде иследи. Өзиниң, бул маңлайына жазылған қассапшылық соқпағын бир дегеннен таба алмай бираз жүрди. Мектепти питириўден аттестатын жойтып алып, ең болмаса кишигирим оқыўларда да оқый алмай қалды. Кейин еки ай лампамай сатты. Үшинши айға қарағанда лампамай сатып турған төлесине өрт кетип, шығынын зорға төлеп қутылды. Бун-нан соң дайысы Дилимбет ақсақтың сөзине ерип, оған

178850
RESURS ORAYI
1573914
ҚҚАССР Республикалық детская библиотека

етикшиликке шәкирт болды. Бул кәсипти де меңгере алмады. Мектеп директоры болып ислейтуғын Исметукла ағаның Монголиядан әкелген қымбат телетинин алып, уқшатып етик тигип беремен деп биреуин отыз тоғызыншы, ал екиншиси қырқ екинши размерли етип жиберипти. Буннан көтерилген дауды дайысы, араға екинши группалы инвалидлигин салып зорға басты. Қазақдарьяда қамыс орып сатпақшы болғаны да журтқа аңыз болып таралды. Орып жыйып қойған қамысының ишине жабайы шошқа балалап, таяр турған қамысына жақынлай алмай әрманда орағын белине қыстырып ауылына қайтты.

Шынын айтып кетиу керек ғой. Әлекең де қассапшылыққа деген қызығыушылық, Қазақдәрьядан келип бос жүрген күнлери оянды. Дүканнан киятыр еди. Бир уақытта аяғының астына бир жүуернемектиң рогатка менен атып түсирген шымшығы томп етип түсти. Жаны шыға алмай тыпыршылап атырған бийшараны, ол қалтасынан отыз бес тийинлық шаққысын алып демде бауызлап таслады. Усы күни кемпир ғаррысына келип:

— Ертеннен баслап қассап боламан!—деп, оларды таң қалдырған еди.

Аңсат кәсип барма, саған. Бирден бәрин билип, үйренип кете бериу қыйын. Қайсы бирин ийелесең де дәслепки пайытлары албыраушылыққа жол қоясаң. Әлекең де сөйтти. Ең дәслепки бауызлаған өгизшеси орнынан турып кетип, қанын сорғалатыуы менен «Ийшан жап»дан суу ишип келди. Алдына гунжара қойып, соны жеп атырғанында қайтадан жерге жығып, зорға деген де сойып алды. Тағы бир қызығы, пышаққа илинейин деп турған қайсы бир малдың тұқымы болса да, қуданың әмири менен өзиниң тамам болатуғынын сезип, ақырғы мәрте бир қыймылдап қалады екен. Әлекенди еки мәрте ат теуип, жети мәрте қошқар сүзип қудай сақлап қалды. Ширкетши Молдабайдың түйесин сойғанда да, өлим менен бетпе-бет жүзлести. Жас көкирекшиликке салып, түйени шөктириуге еринип, зәңги қойып сойып атырған да мойны менен қағып жиберип, бир ҳәпте қолы шығып емлеуханада жатты. Бул ҳәм ҳеш гәп. Бәринен де, Палымбеттиң жаман қотыр ешки-

өзиниң берген азабын айтпайсаң ба? Пышағын қайрап атырғанда бирден артынан дүгип жиберип, эп-әнедей шалбарын жыртып қойды. Буған елеге дейин ашыўы кетпей жүр.

Мине енди бул күнлердиң умыт болғаны қашшан. Сонда да ара-тура буларды еске түсирип мыйығынан күлип қояды. Оның бүйтиўине толық ҳақысы бар. Өйткени, ол енди баяғы аўызынан сарысы кетпеген үйреншик бала қассап емес. Районадағы ең тәжирийбели қассаплардан есапланады. Шүйкилдеген шөжеден баслап, жараған түйеге шекем соя алады. Қәлеген малдың тегирдегин көзин жумып турып бир сыйпағанда қай туста екенин биледи. Тағы ол малды таңлап сояды. Оның шәңгегинен шыққан гөшти бир қайнағаннан сүзип алып нан менен жей бериўиңе болады. Көбигинде алыўдың кереги жоқ. Олсызда сорпасынан палдың дәми татыйды. Гөшлери жумсақ, ал сүйеклери көп болғаны менен кемиргиш болып келеди.

Әлекең жумысты таң азаннан баслайды. Бүгинде күндегидей азан менен бир баспақты сойып таслап, гөшин пуштарлап атыр еди. Шәңгегиниң алдына бир жүк машинасы келип тоқтады да, ишинен шөже муртлы, келте бойлыдан келген жигит түсти.

— Әлеке қассап сиз боласыз ба?—деди ол жуўқыллап сәлемлесип атырып.—Сорастырып сизди зорға таптым ғой.

Әлекең бир жамбас гөшти путарлап атырып сөйледи:

— Не өзи аманлықпа?

— Аманлық ақсақал. Үлкен бир жумыс пенен келдим. Мен жақында Нөкиске келген көшпели ҳайўанатлар бағының хызметкеримен. Үш күннен берли бир бегомотымыз аўырып, ҳеш нәрсе жемей атыр. Соны сойып гөшин басқа ҳайўанатларға бермекши един, соған сизиң жәрдемиңиз керек болып тур. Хызметиңиз жақсы баҳаланады.

— Бегомот дейсең бе?—Әлекең ойланып қалды.—Ол қандай ҳайўан!

— Көрмеппе едиңиз?

— Яқ өмиримше ҳайўанатлар бағында болған емеспен.

— Ол суўда ҳәм қырда жасайтуғын ҳайўан бола-

ды. Ауырлығы бир тоннаға шамалас. Ҳеш қорықпаң, бәримиз сизге сойыўға жәрдемлесемиз...

Әлекең ҳәр қыйлы узынлықтағы төрт пышағын алып машинаға отырды. Бармайжақ еди, тағы бегомотты өз көзи менен көриўге қуштар болды. Оның қандай ҳайўан екенлигине жәнe оның гегирдегиниң қай туста болатуғынына қызықты да турды. Егер усыннан жулдызы жанып бегомотты соя алса, басқа қассаплардың арасында «мениң менен ерегиспең, мен бегомот сойған адамман» деп көкирегине урып сөйлеўине толық мүмкиншилик туўады. Усы жақларында ойлады.

Буларды ҳайўанатлар бағының директоры кеўилли күтип алды.

— Белгили, Әлеке қассап деген сиз боласыз ба?

— Аўа,—деди Әлекең, өзин аўыр салмақлы етип көрсетиўге тырысып.

— Сиз негизинен қәсийетли адам екенсиз. Сизиң бери қарай жолға шыққаныңызды тап болжап сезгендей, бизиң бегомотымыз қорыққанынан аўырыўынан жазылып кетти. Ҳәзир барып көриң, үш күннен берли жемеген отларын жеп атыр.

Әлекең тордың ишиндеги бегомотты көрип қорқып кетти. Домаланған бир қара бәле екен. Аўызының үлкенлигиниң өзи кишигирим бир гешир урадай бар екен. Мойны менен денеси тутасып кетипти. Гегирдегиниң қай туста екенин бир қудайдың өзи билмесе бул оны үш күн излеседе таба алмайды. Оның еле де жазылып кеткенине шүкир етти.

Усы күни Әлекеңди әкелген жигит, қайтып оны апарып таслады. Оның бул ҳайўанатлар бағына келгениниң кейини жаман болды. Қассапшылықтың бахты тайды. Ол бегомотты соймаса да «сойыпты» деген хабар районға жылдырымдай таралды. Буның үстине «оның гөши ҳарам, оннан одеколонның ийиси шығады екен»— деп тапты. Күнде ишек қарын сатып алатуғын Әлеў мақсым шәңгекке жоламай кетти. Қарыйдарлар азайып, бара-бара буның шәңгегинен журт гөш алмайтуғын болды.

Жақында Әлекең усы бегомоттың кесиринен илажсыз пенсияға шықты. Лекин шыққаны шатақ болды. Соннан берли район мәмлекетке тери тапсырыў планын орынламай киятыр.

# АЭРОВОКЗАЛДАН ТАБЫЛҒАН КҮНДЕЛИК

Мен бул шақмақ дәптерге жазылған күнделикти былтыр жумыс жағдайы менен Ташкентке барғанымда аэровокзалдың бир елеспесиз мушынан таўып алған едим. Бул оқыўға түсиўге барған, жерлес абитуриентлеримиздиң биреўиниң күнделиги болып шықты. Мен оны өзгертпей баспа сөзде жариялаўды жөн көрдим.

**14 июль**

ЯК—40 қатқан самолет екен. Нөкистен бир ярым саат ушып, Ташкент қаласына әкелип таслады. ТашГУ дың абитуриентлери ушын ажыратып қойған жатақханасына орналастым.

**15 июль**

Документлеримди тапсырдым. Аттестатымдағы гилец сатырлаған «3» баҳаларын көрип, документ қабыл етип турған бир сулыў қыз басын шайқады.

**17 июль**

Азаннан кешке дейин Комсомол дем алыс паркинде қыдырып жүрдим. Кеме айдадым. Лагман, соң борш пенен аўқатландым. Ал кешке қарай қолтықласып жүрген қызлар менен жигитлерди тамашалап, узағырақтан изине ерип жүрдим.

**18 июль**

Тас болмаса «Хадра» бәндиргисинде бир көк троллейбус қағып кете жазлады. Оны айдап баратырған бир киси мушын көрсетти.

**19 июль**

Түске шекем М. Горький, ал кешке қарай Тельман дем алыс парклеринде қыдырдым. Шама менен бир ярым килодай мароженое жеп, қапылып қалғанның өзинде бес-алты литрдей газ суўын иштим.

**22 июль**

Мен бул жаққа қыдырып келген жоқпан ғой, ақыры. Имтиханларға таярланыў керек. Усыларды ойладым

ла абитуриентлер ушын арналған консультацияға бардым. Лекин, қуры отырыўыма туўра келди. Жазатуғын ручкамды умытып кетиппен.

25 июль

Азаннан кешке дейин ЦУМ ға, ГУМ ға барып ишинде жүрдим. Үкеме арзан ойыншық, ағама иши жүн ботинка, ал апама жигирма жетинши размерли мәси изледим.

27 июль

Кеште кинодан киятырып троллейбуста уйқылап кетиппен. Көзимди ашсам троллейбуслар паркинде екенмен. Диспетчер көк көз ҳаял бақырып таслап, гезекши милиционерге тапсыраман деп қорқытты. Азғантай жылағаннан кейин және жаңағы троллейбустың ишин сыпырып суў себелеп тазалаған соң ғана аяп жиберди.

2 август

Биринши имтихан болды. Шығарма жазыўдан «2» алып қойдым. Курттай ғана қәте жибериппен. Ҳамза Ҳәкимзада Ниязийдиң туўылған күни деп, Пушкинниң туўылған күнин жазып жибериппен.

3 август

Сонша жерден үлкен қала Ташкентке келип, бир оқыўды питкерип кәсип ийелеп кетпегеним уят емеспе? Аўылласларым, досларым үстимнен күлмей ме?! Дәрриў трамвай айдаўшыларын таярлайтуғын курсқа кирдим. Стипендиясы тәўир екен.

5 сентябрь

Үйге хат арқалы сүйинши сорап, өзимниң қандай оқыўға киргенимди билдирдим. Трамвайдың аўылдағы ДТ—24 тракторына қарағанда жүз есе таза болатуғынлығын және ол солярка ҳәм суўсыз ақ тог пенен жүре беретуғынлығын барынша түсиндирип жаздым.

12 сентябрь

Апамның күйип-писип жазған хатын алдым. Ол хатында: «Жүўернемек аў шаңғытып атырған аўылында

трамвай болмаса қудайдың өлимин айдайсаң ба? Тез қайт. Бизиң «кепе аўыл» да трамвай жолы ашылыўға еле ерте деп жазыпты. Ойланып көрсем ырас екен.

### 13 сентябрь

Документлеримди қайтып алдым. Бермейжақ еди, «апам ҳал үстинде жатырған екен» деп алдадым. Соннан кейин олар аяп, қайтарып берди.

### 14 сентябрь

Самолетқа ертеңге билет алдым. Азанғы биринши рейс пенен Нөкиске ушаман. Нөкисте «шай бас» машиналардың биреўине минип, Тахта көпириме тартаман. Аржағы, бизиң «Кепе аўыл» ға шекем тележкалы трактор менен үш ярым саатлық жол.

### 15 сентябрь

Бул күнделик жазыўымның ақырғы күни. Мен бул күнделигимди Ташкент аэровокзалының бир мүшына таслап кетиўди мақул көрдим. Өйткени, аўылдағы кәсип-техникалық училищелеринде оқып атырған досларымның қолына түсип қалса, олар мениң үстимнен күлиўи мүмкин.

## ҚАРАЎЫЛ

«Шериўши» аўылында Алламберген ғаррыны танымайтуғын адам шенде-шен. Ол аўылдағы ең жас үлкен адамлардан есапланады. Жасы жетпистиң аяқ-буяғында. Дәл жасы белгисиз. Қай жылы екени есинде жоқ, бир жылы оразаның ишинде туўылғанын ғана шаламашекки биледи. Қылшылдаған жас жигит ўағында Шымбайдың шар базарының ишинде биреўлерге жүўери сатқан пулы менен қоса метрикасында алдырып қойған. Қайтадан жаздырып алыўға «аўыл совет үйге салады» деп садалық етип қорқып бармай қалыпты.

Ол әдеўир жасқа барып қалса да еле тәндәр. Гүйбеңлеп хожалық жумысларына араласады. Ҳәремниң ишинде дийханшылық етеди. Ақлықларын ойнатады. Той-садақалардан қалмайды. Ешегине зәңгисин биреўге бастырмай-ақ өзи ақ мине алады.

Алламберген ғарры неше жыллардан бери үйиниң жанындағы дүканға қараўыл. Сонлықтан да көпшилик

оны «Алламберген қараўыл» деп-те атайды. Оның бул қараўылшылығын тапсырып, пенсияға шықпақшы болып Мәтибай табельшикке қулаштай арзаны жаздыртқаны қашшан. Бес-алты жылдың жүзи толды. Сонда да совхоздың басшылары қол қоймай жүр. Бунын-да бир себеби бар. Аўылдағы дүканға ең жақын үй Алламберген ғаррыники.

Оның бул қараўылшылық жумысы оғада арқайын. Буған ҳәмме таң қалады. Бир рет-те басында жатып көрген емес. Қуры қараўыл деген аты болмаса, дүкан менен оның жумысы жоқ. Ғырра айланасында ала-бурқан етип сыпыратуғын ҳәм суў себелеп туратуғын оның кемпири Айқыз шешей. Ал бломбысының пүтинлигин балаларының биреўи көрип турады. Алламберген ғаррының бир ғана жумысы бар. Олда болса айдың ақырында көк ешегине минип районның гүзет бөлиминен айлығын санап алып қайтыў.

Дүканды Қазақбай деген жумалақ жүзли, келте бойлыдан келген жигит ашады. Өзи қаладан мотоциклименен қатнап ислейди. Күнде түске жақын дүканына келетуғын Қазақбай бүгин әдеўир ертерек келди де, дәрриў Алламберген ғаррыны ҳәреминиң ишинен таўып алды.

— Жасы үлкен,—деди сәлемлесип болыўдан ол, асығып сөйлеп.

—Бүгин түнде дүканның басында жатпасаңыз болмайды.

— Аманлықпа өзи?—деди буған ол маңлайын жыйырып таңланып.

—Аманлық ақсақал. Тек бир түн ғана қыйналасыз. Районлық ишки ислер бөлиминдеги өзиме жақын адамларымнан еситиўиме қарағанда «жоқарыдан» бир адам келипти. Ол бүгин түн ортасында атлы, аўыл дүканларының қараўыл постларын тексерип шығатуғын көринеди.

—Орныма балам жатса болмай ма?

—Айта гөрмең, онда сөз болады!

Кешке қарай кемпири, ғаррысына дүканның қақ маңлайынан уқшатып төсек салып берди. Сол ўақыттаақ оның көзи илинип кетти. Кемпири бир айланып келип еди, ол әлле қашан-ақ қурылдап уйқылап атырған екен. Онда жақыннан берли пайда болған усы бир әде-

ти бар. Үйинде де ол солай. Көпшиликке басы тийиўден-ақ кишигирим движоктай «гүр» ете қалады.

Түн ортасында бир дүсирлиден кемпири оянып кетти. Үйден баласы менен жуўырып шығып еди, дүканның былайырағын да жерде аўнап ыңырсып жатырған биреўге көзи түсти. Жанында ойнақшыған бир ат. Ал ғаррының болса, қәдимги қурылдысы. Сол даўысын бузбай дүньяны бир пәлек етип уйқылап атыр.

—Сен кимсең?—деди Алламберген қараўылдың баласы жерде ыңырсып атырған адамға дәпинип. —Ұры емессең бе?

Белгисиз адам орнынан зорға турды. Көзлери әллеполле. Тек аяғын услай береди.

—Мен... мен...—деди ол өзин таныстырып. —Қараўылларды тексерип жүрген адам едим. Басқа бес-алты дүканда болып, басларында қараўыл болмағанлығынан акт дүздим. Ал усы дүканға жақынлай бергенимде ат қурғыр мына қараўыл ғаррының жер жарған қурылдысынан үркип бир шетке бирден қаймығып кетпесин барма? Сонда үстиндеги бийғам отырған мен... жерге шалқортамнан ушып кеткенимди билмей-ақ қалдым. Ўай, аяғым шығып кетпесе болар еди...

Ертеңине өз постларында табылмаған қараўыллар тийисли орынларынан қатаң сөгис алды да, ал Алламберген ғарры транзистор менен сыйлықланды.

## 8 МАРТ КҮНГИ КҮНДЕЛИК

Азанғы саат 6. Уйқымнан ушып турдым да, көзимди шала-пула уўқалап алып, асханаға қарай қанат байлап уштым. Кийимлеримди де сол жерге барып кийдим Дәрриў ҳаялымның илдириўли турған алжапқышын мойныма тағып, кешегиден қалған қасық табақларды тасырлатып **жуўа** басладым.

* * *

Азанғы саат 7. Қара терге түсип, қасық табақларды зорға жуўып болдым. Еки тарелка, бир рюмка сынды. Бир каучук табақ газге жанып кетти.

* * *

Саат 8. Шай қайнатып столды жасай басладым. Азанғы аўқатқа гөш қуўырмақшы болып холодильник-

тен гөш шығардым. Усы ўақытта бесиктеги бала жылады.

* * *

Саат 9. Баланы бир жөнкилли етип, жөргеклерин жуўып болып барсам, асханадағы гөшти пышық жеп кетипти. Услап алып, пышықты жазаладым. Ҳа, суўыққа тоңласын деп холодильникке қамап тасладым.

* * *

Саат 10. Ҳаялым керилип-созылып уйқысынан зорға турды. Дәрриў қол жуўғышқа жыллы суў таярладым.

* * *

Саат 11. Ҳаялым шайын ишип болып, тағы уйқыға кетти. Мен еденди жуўа басладым.

* * *

Саат түски 12. Бул ақырзаман болды. Суўыма тайып жығылып, ернимди тислеп алдым.

* * *

Саат 1. Ҳаялым уйқысынан оянып, телевизор көре баслады. Мен оның айтқан каналларына қойып отырдым.

* * *

Саат 2. Аўҳал шатақ. Түски тамақтан соң, ҳаялым кир жуўдырды. Мен кир жуўып отырып, бирге ислейтуғын жигитлерди қайғырдым. Олардың күни қалай өтип атырған екен.

* * *

Саат 3. Кирлеримди жуўып болып, далаға жайып келдим. Ҳаялым маған тағы жумыс тапсырып, уйқыға кетти. Кишкене көрпешеге қурақ қурай басладым.

* * *

Саат кешки 7. Көрпеше таяр. Тек ишине пахта салыў керек. Ийне тығып алған бармағым гүп болып исип кетти.

* * *

Саат 8. Ҳаялым уйқысынан турып «гөш ас» деди. Ассам асайын деп холодильникти ашсам, ишиндеги гөш жоқ. Бағанағы тоңсын деп қамап қойған пышығым, барлық гөшти жеп қойыпты.

* * *

Саат 9. Қоңсымның үйинен әкелип асып жиберген гөшим писип шамаласты. Оған макорон салғанда болатуғын еди, ҳаялым тыңламады. Сау қолым менен қамыр ийлей басладым.

* * *

Саат 10. Ҳаялым, балам үшеўимиз аўқат жедик. Ҳаялым телевизор көре баслады. Мен тағы қасық табақларды жуўыўға асханаға атландым.

* * *

Саат 11. Ҳаялым уйқыға жатты. Мен еденди жуўа басладым. Соң баланы шомылдырып, «Түлкишек» айтып уйқылаттым.

* * *

Саат 12. Урра-аа! Мен өз ўазыйпамды атқарып болдым. 8-март күни тамам болды. Енди, бирге ислейтуғын жигитлерге звонить етип олардың жағдайларын билейин. Бийшаралар, олар да мендей «сойылып» қалған шығар.

Ал, керек болса. Трубка қолымнан түсип кете жазлады. Биреўи де мен қусап үйинен шықпай ҳаялының барлық жумысларын ислемепти. Палымбет жорам өтирик бюллетень алып жатыпты. Оспан жорам—командировкаға кетипти. Ал, Отарбай—балыққа, Қутым—мыл-

тығын алып қоянға, Сәдирбай —кеңсесине уйқылаўға, ал Бийсенбай—былтыр өлген кемпириниң басына әўлиеге кетипти.

* * *

Саат 12 ден 5 минут өтти. Мен соңғы күшимди жыйнап асханаға бардым да, шәйнектеги қайнаған сууды төгип орнына муздай суў қуйдым. Сөйттим де уйқылап атырған ҳаялымды жулқып оятып:

—Түргел, шай қайнат!—деп барынша бақырдым.

## ҚЫЗ БЕНЕН ТАНЫСЫЎ

Бирсўлер қыз бенен танысыўды аңсат көреди. Булай деп ойлап жүргенлер қудайдың өлимин жепти. Ол оңай нәрсе емес. Әйтеўир жигиттиң қолынан келе бермейди. Ол өз алдына бир өнер. Мен көп ўақытлардан бери буның изине жалаң аяқланып түсип изертлеп жүрмен.

Қыз бенен жигиттиң танысыўы ертеректе пайда болған. Буған дейин әке-шешелери бесикте атастырып қосып келген.

Шама менен әсиримиздиң басларына таман бул бесикте атастырыў қалған. Қыз бенен жигит жеңгеси арқалы танысып отырған. Бул көп ўақытларға дейин үзликсиз даўам етип келген. Бирақ, көп узамай танысыўдың жаңа түри келип шыққан. Дигирманның басында турып танысыў кеңнен жайылған. Бул жүдә қызық болған. Дигирманы бар үйдиң дөгерегин мурнына жаңа шамал енип киятырған жигитлер топ-топ болып айланшықлап жүреди екен. Унатқан қызы дигирманханаға кепшигин көтерип кириўден жигит бийшарада изинен қырық жамаў басылған шапаны менен кирип барып, бир шетте сүмирейип тура беретуғын болған. Соннан бир ўақытлары бирден гәпти түйеден таслағандай етип баслап: «Қарындасым, унынды шашайын ба?»—дейди екен. Қыз жигитти шеп көрмесе күлиўи тийис. Ал, унатпаса қабағын тарса үйип: «Жоқ болсаң—ә, маңлайыңа тартқыш тиймей турып» деп тоңқылданатуғын болған.

Бара-бара бул танысыў да қалған. Бул усылды жи-

гитлердиң өзлери тоқтатыўға мәжбүр болған. Өйткени, қолайсыз ўақыялар жүз берген. Жигитлердиң талайының басына тартқыш тийип, аўылындағы тәўип кемпирлерге жүн күйдиртип басып, зорға келе болған. Биреўлери жигиттиң мойнына тери ун сыпырғыш тығып, кепшик тесилгенше сабап, гүллән аўылға масқарасын шығарған. Буның үстине тап усы күнлери уп тартатуғын каразлар пайда болып, журт қызларын дигирманға жибериўди сийрекситкен.

Мине, усы жақларын есапқа алған жигитлер, танысыўды суў бойларына көширген. Бул оларға оң түскен. Қызлар қабақларын арқалап суўға келиўден солмаплардағы адам бойындай боянлықлардың арасынан жигит басын қылтыйтып:

— Қарындасым, суўыңды өзим алып берейин!— деп күлимсиреўи менен шыға келген.

Қыз оны унатса қабағын берип суў алдырған. Бетине ойнап суў шашқан. Орайпегиниң бир ушын тислеп турып, тартыншақлық пенен сөйлескен. Ал, унатпаса жигитти боянлықтың арасына «ағама айтаман» деп қуўып жиберген.

Ўақыт өте бул танысыў да гөнерген. Ҳәр жерде жекке-сийрек қолланылатуғын болған. Себеби халқымыздың турмысы абаданласып, соның менен бирге, қызлардың да сана-сезими өсип билегиндеги аўыр билезиклерин сандық түбине таслап, орнына саат тағатуғын болған. Бул жигитлерге танысыўға қолай түскен. Сыртынан унатып жүрген қызының қарасы көриниўден, изине епелеклеп жетип барып:

— Қарындасым, саатыңыз неше болды? — деп сораған.

Қыз бул сөйлеп турған жигитти шеп көрмесе, дәл ўақытты айтып узақ мыйық тартқан. Ал, унатпаса қабағын тарса үйип: «саат өлим болды» деп тоңқылданып жүрип кеткен.

Көп узамай бул танысыў усылы да шегине жетеди. Оғада аз қолланыла баслайды. Енди хат пенен танысыў гүжип кетеди. Бул жигитлерге қыйын болмаған. Өзиниң сағынышын, муҳаббатын еки бет ақ қағазға түн ортасына дейин түсирип, қызларга ҳәр қыйлы жоллар менен жеткерип отырған. Кишкене балалардан пайдаланған. Почта арқалы жиберген. Қыздың туратуғын

жайының форточкасынан таслай қашқан. Китапларының арасына тыққан. Ҳәтте бир жигит қыздың күшигиниң мойнына тағып жиберген. Ал, Тахтакөпирде бир жигит өзиниң бағып отырған кептерин пайдаланған. Лекин, бул усылларда онша сәтли бола бермеген. Хат, көбинесе қыздың кемпир-ғаррыларының қолына түсип турған. Буның изи үлкен даў шатаққа айланып көпшилик жигитлердиң мәселеси жыйналыста қаралып, абройлары айрандай төгилген. Ақыры, бул усылда жигитлерди жалықтыра баслаған.

Буннан кейин танысыўдың жаңа усылы дүньяға келеди. Буны студент жигитлер ойлап табады. Ол әпиўайылығы менен демде таралып кетеди. Қәлеген таныс емес қызға жигит қапталласады да:

«Қарындасым, сизди бир жерде көргендеймен!» дейди. Қыз буған мыйығынан күлсе сөйлесип кете бериўине болады. Ал егер «ал, мен сизди ҳеш жерде көрмегенмен» десе, қурып қалды дей бер. Ғырра изине айланып қайтқаны мақул.

Ал, енди усы күнлери қыз бенен жигиттиң танысыўы пүткиллей түп-тамырынан өзгерди. Бирден; «былай етип танысып жүр» деп айта салыў қыйын. Ҳәр ким ҳәр қыйлы танысып, өзлериниң күнин өзлери көрип жүр. Мәселен, мен өзимди алайын. Мен үйдеги бәрҳәма үстинен сомсаның ийиси шығып жүретуғын ҳаялым менен қыз ўақтында былайынша таныстым.

Институтта иштен оқып мурныма жаңа самал енип жүрген күнлерим еди. Степендиямды қалтама урып киятырғанымда автобустан түскен бир қызды унатып қалдым. Өзи келте бойлыдан келген, писте мурнының шеп қапталында жүўериниң үлкенлигиндей қалы бар, сүпсүйкимли қыз екен. Изинен бир шақырымдай жаяў ерип бардым да, оның қай жерде ислейтуғынын билип алдым, асханада сомса писиреди екен. Көп узамай ол базардың алдына сатыў ушын бир кастрюльди толтырып сомса алып шықты.

Әдеп алдынан бир өттим. Екинши рет айланып және өттим. Үшинши мәртебе өткенимде, қыздың барлық сомсасы әдеўир суўыңқырап қалған болса да, көтере сатып алдым да, факультетимниң жигитлерине зорға көтерип әкелип бердим. Олар бул сомсалардың мениң муҳаббатым ушын қурбан болып атырғанын қайдан

биздин, тойып жеп алды. Екинши күни де солай болды. Қыздың барлық сомсасын көтере сатып алдым. Ол усы уақытта ғана тилге келди.

— Жақсы жигит, бунық барлығын бир өзиңиз жейсиз бе?

— Жоқ, —дедим мен. — Факультетимиз бенен жеймиз.

Үшинши күни де оның сомсасын көтере сатып алдым. Ол буған күлимсиреп қуўанып:

— Сиз неге тек мениң сомсамды ала бересиз? — деди.

Мен оған былай деп жуўап бердим:

— Себеби, сизиң атыңызды билгим келеди.

— Ондай болса, атым,—Алмахан!

Ертеңине мен институтқа барғаным жоқ. Күн узақ бойы Алмаханның ислейтуғын асханасының артында отырдым. Қарап отырған жоқпан. Көзимди уўдай ашытып, сомса ушын пияз туўрап отырдым.

Арадан жыл өткермей-ақ, мен оған үйленип тындым. Оның келисимин бир тележкадай пияз туўрап, зорға дегенде алдым. Ол усы күнлери де гөне күнде-базардың алдында сомса сатады. Жумыстан бос ўақытлары удайы оның сыртынан қадағалап жүремен. Өйткени, оның сомсасын биреўлер көтере сатып алып атырса гүманланаман.

Улыўма айтқанда, қыз бенен танысыўда оңай нәрсе емес. Әйтеўир жигитлердиң қолынан келе бермейди. Тек оған талант керек.

## МӘКЕМЕМИЗДИҢ АБЫРАЙЫ УШЫН

— Ҳимм... жолдаслар! — деп баслады сөзин алдындағы столына қос қоллап таянып турған баслық.— Мен сизлерди кеңсеге жай жыйнап отырған жоқпан. Жаңа сизлердиң алдыңызда ғана қуўанышлы ўақыя жүз берди. Телевидениеден телефон шылдырлатты. Жаман ислеп атырған жоқ екенбиз. Бизиң суўық асфальт таярлайтуғын мәкемемизден бир адамды телевидение бойынша шығып сөйлеўге шақырыпты. Районымызда не көп, мәкеме көп. Бәрине телевидениеге мирәт етиле бермейди әлбетте.

Бәриңиздиң де хабарыңыз болса керек. Бул қуўа-

нышлы күнге аңсатлық пенен жеткенимиз жоқ. Хәр жылы болмаса да ара-тура жыллық планымызды орынлап тилге алындық. Соның менен қатар шийки затты үнемлеўде де үлкен табысларға жетисип киятырмыз. Хәммеңизде жақсы билесиз. Сууық асфальт таярлаўда ең керекли шийки зат—бақаншақ тас. Бул болмаса жумыс болмайды. Мине, усы тас түбимизде таў болып үйилип турғанына мардыйып кетпей, оны бәрынша үнемлеўге тырыстық. Оның бир граммының да шамал менен ушып кетпеўин ойлап, өрт өшириў командасы менен келисип, хәр күни бир мезгил үстине суў себелеп турдық. Бул жумысқа қызығып кеткенлигимиз соншелли, хәтте, бир мәртебе жаўын шелеклеп қуйып турған ўақытта да суў себеледик. Бул мийнетлеримиз күтилмеген нәтийже берди. Бақаншақ таўымыздың үстине жантақ, сексеўил, әдираспан, маялыш, жуўсан хәм басқа да шөл өсимликлери өсип, шығып, тереңнен тамыр урып, оның ушып кетпеўинен сақлап турды. Солай етип, шама менен үш жүз тоннадай бақаншақ үнемленди. Бул мәкемемиз ушын қолға киргизилген үлкен табыс. Мине, бунын жемисин көрип турсыз. Мәкемемизден бир адамды телевидениеде шығып сөйлеўге шақырыпты. Қәне, буған кимди жиберсек екен?

Бундай үлкен ойласықта биринши сөйлей қалса үш күн аўырып қалатуғын баслықтың ең жақсы көретуғын жағымпазы орнынан ушып турды.

— Буған өзиңиз барғаныңыз мақул,—деди ол қолынан келгенше жағымпазланып. — Не деген менен сиз усы мәкеме ашылғалы хызмет ислеп және кеңсеңиздиң гилтин жойтып қоймай оған садық болып киятырсыз.

Баслық бул хошеметлеўлерге басын ийзеп, узақ мақуллап турды да, ал телевидениеде сөйлеўге барыўға келгенде қарсылық билдирип сөйледи.

— Мениң барыўыма болмайды. Еки күннен берли тамағым аўырып қарлығып жүр. Ол жерде даўысым шықпай қалыўы мүмкин.

— Сонда да бир урынып көриңиз. Экранға шығар алдыңызда бир кесе қайнаған суў ишип алсаң даўысың зор шығады.

— Телестудияда мениң қара суў қайнатып беретуғын кимим бар?

— Шоферыңыз қайнатып береди, тог шәйнеги бар. Ямаса қәлесеңиз көшпели шайханамызды басына көширип апарамыз.

— Уәй-яғә. Ел-журттан уятты. Басқа биреуиңиз бара қойғаныңыз мақул. Сизлер еле түсинбей турсыз. Тағы бир ескертип кетейин. Телевидениеден сөйлеу деген мәкемемиздиң абыройы. Оған ким болса сол бара бермеуи керек. Ақыры, оны бирнеше мың тамашагөйлер көретуғынын умытпаң.

— Онда мен барайын,—деди баслықтың қарсы алдындағы отырған бас инженер орнынан турып. — Рас. қатырып турып мәкемемиздиң былтырғы ҳәм быйылғы табысларына кеңнен тоқтап айтып кетейин.

Баслық буған да қарсылық билдирип, басын шайқап қойды.

— Сизлерге жаңа ғана айттым ғой. Телевидениеден сөйлеу деген мәкемемиздиң абыройы деп. Ал, сен еки мәрте ишип жүрип папкаңды жойытып қойдың.

—Онда Бердибай ағаның бара қойғаны мақул. Мәкемемиз қурылғалы берли бас есапшы болып, минсиз хызмет етип киятыр. Есап-санағымыздың устасы. Мәкемемиздиң дөңгелек мөрин биринши қағазға басқанда сол.

— Ол да болмайды.

— Не ушын? — Бас есапшының өзи орнынан ушып турды.

— Сен неше жылдан берли насыбай атып киятырған адамсаң. Өзиңиздиң экранға шығып турғаныңызды умытып, насыбай атып жиберсеңиз, сонша мың теле тамашагөйлеримиздиң алдында мәкемемиздиң абыройы айрандай төгилди дей бер.

— Атпайман. Исенбесеңиз насыбай шақшамды сизиң сейфиңизге таслап кетейин.

— Яқ, келиспеймен. Басқа насыбай салатуғын сәлафан қалтаңыз бар.

— Ол қалтаны тап усы жерде алдыңызда өртеп кетейин.

— Бәрибир болмайды, отырың.

— Онда мен-ақ барайын.—Кадрлар бөлиминиң баслығы Атанияз орнынан турыуға еринип пысылдап сөйледи.

— Сен де кемшиликтен қуры алақан емессең.

— Қандай?

— Дым шектен тыс семизсең және тап бир жақтан өкпең өшип жуўырып келгендей ентигип сөйлейсең.

Бас есапшының жанында көзлери жайнап отырған кассир Салима деген келиншек қолын көтерип, шаққан орнынан турды.

— Онда мен-ақ бара қояйын, араңыздағы бир келиншекпен. Туўысқан туўғанларым телевизордан көрип бир қуўанып қалсын. Жақында турмысқа шығып кеткен бийкешимде ушып қонып қуўанып қалсын. Шын сөзим. Бир тоқлы сойып, телевизорға шыққанымды ертеңине белилепте жиберейин. Тағы албырап сөйлей алмайды деп қорықпаң. Қыз ўақтымда еки мәрте телевизорға түсип «Гүбелек» деген қосықты айтқанман.

— Ол қыз ўақтыңыз — Баслық буғанда қарсы шықты. — Ал, ҳәзир дене пишимиң пүткилей өзгерген. Сизлерге және бир мәрте қайталап айтаман. Телевиденнеден сөйлеў, деген бул мәкемемиздиң абыройы. Масқара болып қалмаўымыз керек.

Кассир келиншек аўзын томпайтты. Бас инженер орнынан ушып турды.

— Таптым буған қолай адамды. Ҳеш жеринде ҳеш қандай мини жоқ, асфальт заводымыздың қараўылы Отарбай аға бара қойсын. Мәкемемиз ашылғалы заводымыздың ағаш дәрўазасына шымшық қондырмай киятыр.

— Ол киси де болмайды. Уйқыға үйренген адам. Эфирге шығып отырғанын умытып кетип, көзи қәпелимде илинип қалғып кетсе масқарамыз шығады.

— Онда бульдозерши Орынбай аға бара қойсын.

— Ол көз әйнек тағады. келиспейди.

— Бекбосын қалай болар екен?

— Қайсы Бекбосын.

— Асфальт тасыйтуғын машинаны айдайтуғын бала.

— Ол да болмайды.

— Неге?

— Үйленгенде үш күн жумысқа келмей қалды.

— Дошжан аға не?

— Оны қойса, еки сөздиң басын қурастырып сөйлей алмайды.

—Онда былай ете қойсақ, — деди және бағанағы

биринши сөйлеген жағымпаз орнынан тог урғандай ушып турып. — Буған сиздеги жеңгейди жиберсек қалай болар екен. Телевидениеден бир сөйлеп шығыўға өтиниш етемиз. Телетамашагөйлер оннан ҳеш мин таба алмас. Қара теңиз де жылда дем алып қайтады. Жасында гимнастика менен шуғылланған.

Кассир келиншек орнынан ушып турып, шыр-пыры шықты.

— Ҳаў, ол мәкемемизде ислемейди ғой.

Жағымпаз сөзге жең түринип және араласты.

— Оның ҳеш қыйыны жоқ. Ҳәзирден баслап буйрық берип, ертеңине екинши буйрық пенен шығара қоямыз. Қәне, сизлер буған қалай қарайсыз?

Отырғанлардың ҳеш қайсысы үндеген жоқ. Тек үнсиз басларын ийзесип, сыртқа шығыў менен болды. Буларға енди телевидениеден сөйлеўге ким баратуғынлығы белгили еди. Азырақтан кейин кеңсесинде бир өзи қалған баслық трубканы кеўилли түрде көтерди.

— Алло, бул телевидение ме? Бизиң мәкемеден сөйлейтуғын адам таяр.

— Қай мәкеме?

— Суўық асфальт таярлайтуғын мәкеме.

— Кеширерсиз, онда бизиң жас хызметкеримиз сизиң мәкемеге алжасып телефон шылдырлатыпты. Бизге суўық асфальт таярлайтуғын мәкеме емес, ал ыссы асфальт таярлайтуғын мәкемеден бир адам керек еди. Оны қашшан шақырттық. Ол телевидениеден сөйлеўге таярланып отырыпты. Ал, сизлерден болса кеширим сораймыз.

Баслықтың қолынан трубкасы түсип кете жазлап қалды.

## „КОМАНДИРОВКА"

Мени кеше «қудай урыпты». Урғанда да сумлық. Усы шүй төбемнен уқшатып турып «урыпты».

Не бар десеңши, маған гөне қаладағы асханада. Тынышыма үйге кете берсем болады ғой. Тал түсте бир стакан помидор сок ишпекши болып қайрылыппанда, соңын қып қызыл «шашман»ға айландырып жиберипpен. Кимлер менен ишкенимде, ядымда жоқ. Әйтеўир, солар менен өгиздей симирипenде, ақырында сыртында нәҳән қызыл қос сызыўы бар, сарғыш машина

менен айықтырыўханаға майки ҳәм дамбалшаң тапсырылыппан.

Бундай жерге әкелинген соң, үйимиздеги, үстинен тышқан атласада пырылдап жата беретуғын тарғыл пышығымыздай, әндамлы ғана қарынымды тыр-тыр қасып уйықлай берсем болады ғой. Ал мен сорлы буйтпеппен. Арақтың күши жаман екен. Кишкентайымда, дайымның еншиге берген ылағының қулағын тислеўге қорқып жүретуғын мен, усы ирет Үстирттеги қуйындай аспанға көтерилип, өзим қусаған уўдай мәс бир бишараның шеп қулағының енепаттай жерин, гиршилдетип тислеп алыппан. Биреўдиң қулағынан қан—жоса болып атырса, кимге хош жағады дейсең. Шимишка шағып отырған, көз әйнекли гезекши милиционер жылдамлатып, оған «тез жәрдем» шақыртыптыда, ал маған «он сутка»ға уқшатып документ толтырыпты.

Азанда ес-түсиме келип, жай-жағдайды түсингеннен кейин, үкиге батырылып алынған пышықтың баласындай, он еки мүшем қалшылдап қоя берди. Қалай ғана буйтпейин. Журттың ҳаялларын билмедимдағы, бизиң үйдеги қурдасың есерсоқлаў биреў. Даўысыда ақ аюдай гүрилдеген, еркек даўыс. Жүргенде де қос бөксесин бир бүлк еттирмей, енеғарың, өткен олимпиадаға катнасқан палўанлардай салдамлы жүреди. Бийпатпаның тұқымы болсада, қудай буған тилди емес, ал рапыйдадай қос шапалақты инам еткен. Мен бирнеме «жутып» келген күни, көп сөйлеп басыңды айландырып турмайды. Келеди де, шекеңе оңнан солдан алдырыпалдырып жибереди. Тамам. Сол ўақытта мәслигим тарқап кетип, емпеңлеп үйдиң жумысларына айланысыў менен боламан.

Мине усы гәп еткен ҳаялым мениң бул жерде екенлигимди билсе, аспан төңкерилип түсип, қурып қалды дей бер!

Қудай мени өлтирсин бе! Әдебинде оңдырмай шүй төбеден урсада, соңынан мийрими түскен қусайды. Жулдызымды оңымнан жарқ еттирип туўғызды. Сонда да, бир жағынан өзимдей жигитине де пайлы дә. Айықтырыўханада жатып жүрип ақ, үйдеги ҳаялымды мықлап турып алдадым. Енди сонда қалай деп, қоймайсыз ғой. Былай. Азанда күндегидей жумысқа шығарды. Берилип иследик. Дөгеректи айнадай етип сы-

пырдық. Мурынларымызды басып жүрип, ҳәжетхананы артық. Сөйтип күлпереңим шығып жүргенимде, биреўлер менен мушласып ийегин шығарып алған ҳәм милицияға қатнап жүрген бир танысымды гезлестирдим де, ол арқалы ҳаялыма мына мазмундағы астыртын хат жолладым.

«— Сәлем сүйиклим Малика!»—деп басланады, шыйырып турып жазған хатым—«Қалай дениң саў, ўақтың хошпа? Жап-жақсы болып ҳармай-талмай өз жумысыңда, журт қатары қыймылдап атырсаң ба? Кишкентай қошантайларым болған Мәқсет, Қлара және Тамаражанларым қалай? Айланайынларым-аў, папасын қатты сағынған шығар!

Ал енди арзыўлым, бизден аўҳал билмек болсаң, алыстағы бир салыгершилик совхозда, он күнлик командировкадаман. Өзиңниң мени ең соңғы мәрте көрип қалған күни күндегидей есап қағаз-пағазларымды жөнлестирип атыр едим, асығыс түрде баслық шақыртты. Ушып жетип барсам, кеңседе таныс емес көз әйнекли биреў отыр. Бул «үлкен жақ»тан, бизиң арқа салыгершилик совхозларын көриўге келген хабаршы екен. Баслық, дәрриў қолыма он күнлик командировка қағазды услатты да, усы жигит пенен сол жақларға қыстаўлы түрде жүрип кететуғынлығымды айтты. Усы ўақта қатты ашыўымның келгенлиги соншелли, оның желбиретип услатқан қағазлары менен қақ маңлайына урмақшы болып турдымда, тағы келген қонақтан тартындым. Ақыры командировка дегенди, еки-үш күн бурын айтып querymай ма екен, бала-шаға деген бар!...

Усы күни қулласы, қара ашыўым сыртқа теўип, саған да хабарлай алмай, асығыс жолға түстим.

Шабазым сеннен жасырып не қылайын. Бахтымызға барған жеримиздиң басшылары жақсы жигитлер екен. Бизлерге он күнге жатақ жайды, районлық дачадан берди. Астымызда жеңил машинамыз. Дача сондай сулыў екен. Ҳәмме жери көк-көмбек. Ғаз-қатар егилген ҳәр түрли мийўе ағашларынан көзиң тынады. Ерик, шабдал, қәрели, жүзим және Мичурин атамыздың неше қыйлы сортлы алмалары менен алмуртлары мийўеден шақаларын көтере алмай астыларына төгилип ша-

шылып атыр. Жеген үстине жей бер. Хабаршыда, мен де тап курортқа келгендей бир ҳәз етип қалдық.

Сүйиклим Малика! Басқа не айтайын, не жазайын, ден-саўлықтан басқа. Бул хатты там сыбап жүрип, зәңгиден жығылып ийеги шығып кеткен бир жигиттен жиберип отырыппан. Енди сеннен тек бир өтиниш, мен ушын ана кишкене тентеклерди бир-бирден бетлеринен сүйип қой!

Хош, он күннен кейин өзиңди де уўылжытып сүйиўши Мырзабай.»

Усы хатты жоллағаннан кейин, арадан еки күн өтти... Үшинши күни күндегидей азанда, қаңылтыр менен қапланған дәў есигимиз тасыр-дүсир ашылды да, ишке муртлы милиционер кирди. Сөйтти де:

— Қәне кеттик,—деди бәримизге,—жумысқа!

— Қай жерге? — дедик, бизлер үйренген әдетимизше жарыса сорап.

— Бир қалалық мәкемеде гөне ҳәўиз бар екен, соны тазалап қайтасыз!...

Ҳәмме жери тас мийтин жабық, таныс, сарғыш машинамызға минип жолға түстик. Иши тас қамал. Маңлайыңа бирсеў қос қоллап қойып қалсада билмейсең. Усылайынша недәўир жүрип, бир жерге келип шүйкилдеп тоқтадық. Милиционер бизлерди бирден сыртқа шығарыўға асықпады. Сыртта биреў менен сөйлести. Қулақларымызды түрдик.

— Неше адам әкелдиңиз?—деп сорады, ҳаял даўысы.

— Жети адам! — Милиционердиң даўысын таныдық.

— Онда жумысты баслап жибере бериң! — Тағы сол ҳаял даўысы сөйледи. — Мынаў тазаланатуғын ҳәўиз, ал беллерди болса анаў шығарып таярлап қойыппан!

Машинаның қапысының илгеги тасырлап ашылды да, ишке бирден жақты урды ҳәм милиционердиң басы көринди.

— Қәне түсиңлер! — дедиде ол, машинадан ырғып түсип атырған бизлерди санаўға киристи — Биреў, екеў, үшеў...

Алтыншы болып түскен мен, силейдим де қалдым. Келип турған жеримиз таныс монша, ал милиционер-

дың жанындағы ақ бозлақтан келген ҳаял усы монша-ның баслығы, дәлирек айтқанда хат жазып мықлап турып алдаған ҳаялымның өзи еди.

Ол мени көрип, әдеп бираз уақ көзлерине исенбей турды да, соң мушына түкирип тура умтылды.

## ЕМ

Бурын әпиўайы рабочий едим. «Түсиримлирек» жер-ди гөзледим де, туқымымдағы тамыр таныcларды бир ай қуўалап жүрип, соңында жәмийетлик аўқатланыў трестинде оттай таярлаўшы болып шыға келдим. Лий-кин түсиримлирегиниң садағасы кетейин, еки-үш ҳәпте өтер-өтпестен ақ порсықтай ағарып семирдим ҳәм қап-талларыма тез пәт пенен өсе басладым.

Тез арада бүйтип өзгериўиме, жаңадан тапқан жу-мысым себепши болды. Уйқым пүтин. Бастан асып атырған жумыс жоқ. Арқайын бир талап. Шокалад со-рып жүрип-ақ, сегиз саатыңды санап берип жүре бере-сең. Астымда ақ фургон «Москвич». Үрпек бас, әскерий хызметинде жүрип танкист болған «шофер» балам та-ғы бар. Асханаларға екеўимиз орайлық складтан гөш, балық, мәйек және басқада өңештен өтетуғын азық-аў-қатлар тасыймыз. Барып тоқтаған жеримизде мут аў-қат пенен жүз елиў грамм армян коньяги таяр. Құда-йым берекет тапсын, «шофер» бала «рульдемен» деп ишпейди, ал мен оны қағып саламан да, бас аспаз-дың услатқан майлы жилиги менен «закуска» қыламан. Бас аспаздың булайынша жалбырақламаса, ертеңги аўҳалы қыйын. Ендиги сапар гөш туқымын айлар бо-йы асып кетсе сол кварталда толығы менен көрмейди. Тасырлатып онлаған ящик макорон ямаса еки қапшық горох әкелип түсиремен. Тамам. Усының менен ис пи-теди. Соннан кейин аўызын шамалға ашып ҳәм клиент-лер менен айтысып жүре берсин.

Усылайынша күнине бес-алты асханадан айланаман. Қарныма сыймағанларымды қағазға орап береди. Оны да кеште бала шағам менен «маза» етемен. Соннан кейин мен семирмей, ким семирсин.

Сәл кеширек түсиндим. Мешкейликтиң изи жаман болады екен. Басыма бәле болды, бул семизлик. Бу-рынғы жумысым тәўир еди. Мезгили менен аўқатланар

едим. Мине енди бул жумысқа өттимде, қурып қалдым. Сыймай қалғанлығым себепли, еки күнликте бөлмемниң есигин буздырып қайтадан қурдырыўыма туўра келди. Кишкене балаларым «папамыз басқа биреўге айланып баратыр» деп, маған жоламайтуғын әдетти шығарды. Бул да, ҳеш гәп. Бара-бара семизликтен еңкейе алмай ботинкамның баўында байлай алмайтуғын дәрежеге жеттим. Ҳәр ботинкама он бес тыйыннан, екеўине отыз тыйынымды қағып алып, үшинши класста оқыйтуғын тентек улым байлап беретуғын болды. Бунық үстине қапылып, минип жүрген «Москвич» имниңде, мен тәрепиниң рессоры тез-тезден сына берди. «Шофер» баламда, қатты күйип кетсе керек. Шашының үштен бири ағарды. Сонда да тисленип жүрип тоғыз ирет аўмастырып, онышыға қарағанда қолын бир силтеп, соңғы айлығында алмай бәдер кетти...

Қашанға усылайынша паровоздай пысылдап ҳәм домаланып жүре берерсең, Шыдамадым. Мениң семизликтен қутылғым келди де, буған ем қарастыра басладым. Бахтыма өрт өшириў командасында ислейтуғын бир достым ушыраса кетти. Бир қалада жасасақта, көп ўақытлардан бери жүзлеспеген едик. Апақ-шапақ болдық. Мес қарын менен құрттай қарынды дүгистирип, қушақласып көристик. Сөйтип бир «қыл мойын»ды бөлисип ишип отырып, мен оған өз жағдайымды айттым ҳәм қолайға келсе азғым келетуғынлығын билдирдим.

— Оннан аңсат нәрсе жоқ!—деди ол, мени бирден қуўандырып.—Бир еки күн өзиңди қатты қыйнап уйқыдан қал, соннан соң азбасаң мениң Кеңесбай атым қурысын!

Жүрегим алып-ушып, тап усы күни уйқыдан қалмақшы болдым. Қыялыма бурынғы ап-арық ўақтымды елеслеттим. Сөйттимде бала-шағаның бәри жатып қалған соң, басымды холодильниктиң музы салынған суўына жуўып алдымда, көшеге шықтым. Соң оның ана басына, мына басына адымлап бир шықтым. Усылайынша бес минуттай-ақ жүрдим. Алтыншы минутқа қарағанымда, көшемиздиң ийтлери көк дәрўазама дейин узатып салып, шалбарымның оң балағын жулып алып қалды. Буған ашыўланып төрги жайға кирип алдым да, иштен тас қылып илип, бөлмеде ары-бери гез-

дим. Бунында ҳеш пайдасы болмады. Ески мектептеги молладай мүлгий бердим. Ақырысында болмаған соң және сыртқа шығып кетип, баллардың ойнап жүрген тесик лэгенин ишке алып кирдим де, соны эсте ақырын тықылдатып ермек қылып отырдым. Буған оянып кеткен ҳаялым, жағасына қайта-қайта түпирип, қыялап ашқан қапысын тез жаба қойды. Оның менен мениң исим болмады. Бар еси дэртим, семизликтен қутылыў. Тек тесик лэгенимди тықылдатып, көзиме үйирилген уйқыны қашырыўға күш салдым. Усылайынша түн ортасынан аўганша шыдадым. Кейини есимде жоқ. Бир түшкиргим келип оянсам, лэгенниң тесигине мурнымды тығып уйқылап атырған екенмен.

Бул семизликтен қутылыў еми иске аспаған соң енди жаңасын қарастырдым. Аўылда ислейтуғын фельдшер жорам, мынандай ақыл берди.

— Аўыр! —деди ол, бети бүлк етпестен.

— Аўырғаны қалай?—дедим мен шоршып.

— Солай. Сэл қызып турып, муздай суў иште жибер. Соңынан грипп ямаса тымаў аллергиясы менен ауырасаңда, көп узамай шөптей азасаң!...

Буны да сынап көрейин деп, айтқанын қылдым. Ҳешкимди шоқымасада, үйдеги қызыл гүлэңгир қоразды қурыдан-қуры бир майдан қуўып, қара терге түстим. Сөйттимде, бир сарқум муздай суўды қотардым. Сол заматта ақ даўысым шықпай қалды. Бирақ қырсығына грипте, тымаў аллергиясыда болмадым. Семизлигим солайынша, мурты бузылмай қала берди. Қайтама, мурным бурыштай қызара беретуғын басқа бир аўырыўға шатылып, дем алалмай «о дүнья»ның ярым жолынан шаңғытып қайттым. Ақырында емлеўханада он күн жатып, отыз мэрте укол алдым ҳэм зорға келе болдым.

Усындай қыйыншылықларды бастан кеширип атырсамда, семизликтен қутылыўдың емин излестириўимди бир минутта тоқтатпадым. Арадан саррас ай өткенде, мойнына дүканның заты түсип қамалып келген, тағы бир мэнтирсек ушырасты. Ол да бирнеме билетуғын болып шықты.

— Семизликтен қутылыў нан жеўден аңсат!—деди ол кең жаўырынымнан қаққышлап.—Ҳеш ғам жеме, мениң айтқан емлеримди ислесең, склеттей азасаң!...

— Онда айтөс!—дедим мен шыдамсызланып.

— Күнде азанда, қойдың жудырықтай шийки қуйырық майын таңлайға таслап жибересең. Соннан кейин оны сениң тәбиятың алмай, ауқат жеў қәбийлетиң төменлейди ҳәм соң қәлегениңше азасаң!...

Жақыннан бери усы достымның айтқан емин, азанғы режимиме киргиздим. Бирақ шийки қуйрық майды, бирден қалай жутарсаң. Соның ушын да жаңа жолын таптым. Әдеп оны уқшатып писирип алып, соң шөрекке қосып асап жүриппен...

## ЕКИ УСЫНЫС

— Ҳимм... жолдаслар—деп баслады сөзин, семизликтен еки урты салбыраған қысық көз, рапыйда бет, басы қара ғарбыздай домаланған баслық орнынан пысылдап турып,—Мине, жылдырымдай етип жаңа жылда қол қаўсырып келип қалды. Көп узамай ески жыл менен хошласыў алдында турмыз. Өзлериңизге жақсы белгили, өткен жылы район мийнеткешлерин овощ ҳәм палыз өнимлери менен тәмийин етиўди өз мойынларымызға алған бизиң №9 «Алға» бөлимимиз, өзлериниң ўәделериниң үстинен шыға алған жоқ. Көп кемшиликлерге жол қойылды. Усы бөлимниң баслығы болғанлығым себепли, мен бул кемшиликлерди бирим-бирим айтып кетпесем болмайды.

Бурнағы жылы қойдың қыйы төгилген еки гектар жерге пияз егилип еди, бәрин «сары шөп» мойынларынан шырматылып қысып өлтирди. Бир килода пияз ала алмадық. Ярым гектарға шамалас жердеги гешир де зая болды. Жеримиз оғыры күшлилик етип, үстиңги бетиниң жапырақлары жоңышқадай ғаўлап өсти де, ал түп бети «еркек гешир»ге айланып кетти. «Тәжен кебир»ге егилген картошкаларымыз да жердиң астында ширип, жердиң үстине шыға алмай әрманда қалды.

Уйықлап қалған насосшы Қалекеңниң себебинен, жаңа гүлге отыра баслаған қыярларымызды суў алып кетип, ҳәзир ол жерде балық аўланып атыр. Және бир айта кететуғын жағдай, бөлимимизде усы ўақытқа дейин, өзлеримиздиң арнаўлы егетуғын қаўын тухымның сортлары жоқ. Буған агроном айыплы. Ол ҳәр бәҳәр келген сайын, базардан көз жумып тәўекелге туқым сатып алып егеди. Бул үлкен шығынға алып келди. Мәселен, былтырғы жылы еккен қаўынларымыз ийт түйнек,

ал байылғысы гилең теңкейген тәрнеклер болып, гүздиң ақырында зорға ержетти. Гүлабы қаўынлар менен гүрбеклер писип базарда «ийт муты» болып атырғанында, бул тәрнеклеримизди қаладағы ларекке салып едик, қарыйдарларға жалынып ешейин берсекте алмады. Ақырында мал фермаға апарып тапсырдық. Палаўгеди деп еккен тұқымларымызда, суў қабақ болып шығып гүлли районға масқара болдық. Соннан соң «Тақыр көл»ге еккен капусталарымыз да оңлы болмай қалды. Жапырақлары пилдиң қулағындай болғаны менен ишиндеги зүрәәти, шайтан таўықтың мәйегиниң үлкенлигинен арман аспады. Қаладан көмекшилер келгенде, ярым гектар атыздан жыйнап зорға бир қазан борщ писирип бердик.

Пәкизе ғана айна менен жаўылған теплиңамыздың да аўҳалын жақсы билесиз. Былтыр оған оқпан кетти. Сууын насос бенен ярым айда өлдим азарда тартып шығарып алдық. Буны бола бергенде, оған Тоқымбет аганың ешеги ойылып, барлық айналары гүл-опат болды. Соннан бери ойраны шығып атыр.

Жолдаслар! Жоқарыда айтылып өткен кемшиликлерди бул жаңа жылда қайталамаўға ат салысып алдын алайық. Бул ушын менде еки усыныс бар. Бириншиш, март айларының жигирмаларына дейин үйлеримизде пәкизе тынығып дем алып, жана күш жигер менен атызларымызға шығайық. Екинши усынысым мынаў. Қолда бар мүмкиншиликлерден пайдаланайық. Әсиресе, селитрадан көбирек пайдаланғанымыз жөн. Оның палыз өнимлериниң салмақларын арттырыўға пайдасы зор!

Жолдаслар! Усының менен онда, мен өз сөзимди жуўмақлайман!

## ДҮҢГИР

Мен ислейтуғын мәкемени билмейтуғын шығарсыз. Ол сыртқы дийўалларынан кишкене күшик секирип өтетуғын киширек автобаза. Соның бир мүшындағы иши солярка менен қыздырылатуғын жайда машинаның жарылған камераларын жамайман. Күн қуры емес. Маған шоферлардың жумысы тез-тезден түсип турады. Мен де өз пайдамды билмейтуғын адам емеспен.

Қолтығына дуканнан бир нәрсе қысып келмесе, камерасы тегинликте жамала коймайды.

Усы жерде бир нәрсе айтып кетейин. Ҳәркимниң басында бир әрман болады ғой. Сондай әрман менде де бар. Ол да болса жолларда шеге-пеге, ямаса басқа бир өткир темирлер көбейип, машиналардың камералары ылайым үсти-үстине тесиле бергей. Олар қанша көп тесилсе, бизге сонша жумыс көп болады. Демек, бул «қолтығына» бир нәрсе» қысып келетуғынлардың изи үзилмейди деген сөз.

Бул мениң күни менен таңлайым тақылдап «бир нәрсе» деп отырғаным не болатуғын еди. Қәдимги бир шийше «шашма». Ол болмаса камера бул күнликте жамалмайды. Жортаға умытылып, ямаса желим қапылып таўысылып қалады. Маған еки жақтан камера жаматыўшылардың жумысы түсип келеди. Бир топары өзимиздиң автобаздың жигитлери. Ал, екиншиси сырттан келиўшилер. Олар ушын телевизордың үлкенлигиндей етип, дийўалды тесип қойыппан. Сол тесиктен әкелгенин берип, соң жамалған камерасын қуўанып алып кете береди. Ал, таслап кеткен шийшесиндеги «қызыл суў»ды босатыў ушын қырлы стакан таяр. Ара-тура қатты демесең, нан да табылып турады. Шелекте баз-баяғы суў бар. Закуска етип, кейининен бир сарқумын ишип жиберсең маңлайыңнан ҳәз еткен тер бурқ ете қалады. Күнде усылайынша ишип турған соң оңдыраман ба? Демде белгили ишкишлердиң бири болып алдым. Қарным местей үлкейип, вино былай турсын, арақты да тоғыртқадай тартатуғын болдым. Гейде күнине еки-үш шийше жуғымда болмай қалады. Бир ишкенде бир шийшени өңешке бир ақ қуяманда, мушымды, ямаса камераға жағылатуғын желимди бир ийскелеймен де жумысымды нелей беремен.

Күндегидей бүгин де азан менен шекем қысып, зорға бир шеге тескен камераны жамап атыр едим. Автобаздың механиги шақыртып алды. Сөйтти де орынлық усынып:

— Палымбет, сени сыртыңнан еситип жүрмен. Жаман ишпейди екенсең!—деди.

Мен қанша ишсем де өтирикти анда-санда бир сөйлейтуғын адамман. Тағы несине жасырасаң. Ол күнде

көрип және сезип жүр. Бирден ишетуғынлығымды мойныма алып қутылғанды жөн көрдим.

— Ләўа, Өтемис аға. Сол бир қурығырға үйренип кеткенлигим соншелли, күнине бир екеўин ишпесем жүре алмайман!

—Рас айтасаң ба?

—Рас.

— Онда маған нағыз керек бала екенсең,—деди ол бир ўақытта мени бирден таңландырып. —Бүгин бир жаққа қонаққа барып қайтайық. Арақ көп қоятуғын жер. Ден-саўлығым сәл болыңқырамай жүр. Сол жерде мен ушын киттай-киттайдан тартып отырасаң!

— Тартып отырғаны қалай?—дедим мен.

— Ап-аңсат. Қәдимги дүңгирдиң ролин атқарасаң. Мен тостты айтып беремен де рюмканы саған узатаман. Ал, сен тартып жибересең!

Жумыстан соң қонақ жерге жүрип кеттик. Қаланың иши екен. Барған жеримиз сол ўақытта ақ бир үлкен жыллаған түйе таўықты асып жиберип, дәстурханның бир мушын араққа толтырып таслады. Биринши қууырдақтан соң, мен келисим бойынша дүңгирлик ўазыйпамды атқара басладым. Онша қыйыны жоқ екен. Механигим өз тостын қатырып айтып болады да:

— Мен жақыннан бери ишиўди қойып жүр едим. Мен ушын мына жигит алып жиберсе қалай көресиз!—деп жуўмақлайды.

Отырғанлар оған қарсылық билдирмейди. Мен рюмканы қолыма алып тартып жиберемен. Азырақтан кейин бул және қайталанады. Тағы алып таслайман. Қулласы усылайынша отырыспақ тамам болғанша арақ қуйылатуғын дүңгирдиң өзи боламан.

Бул отырыспақтан сонда мен механикке бес-алты мәрте дүңгир болдым. Ҳеш нәрсе ойымда жоқ. Бир күни жумыс орнымнан гараждың баслығы асығыс шақыртып алды. Бул кисини бурыннан билемен. Мени көрсе қабағынан сол ўақытта жапалақлап қар жаўады. Бул ретте қуйып кетерме деп едим, жоқ олай болмады. Қайтама мени көриўден анадай жерден күлимсиреп:

— Сени тап әдеўир ише алады деп еситтим. Сол рас гәп пе?—деди.

Мен басымды ийзедим. Ол буған бирден алақанларын ысқылап қуўанып кетти.

— Ондай болса сен маған керексең! Механиктен сени премия жазып берип зорға сорап алдым. Бүгиннен баслап мениң дүңгирим боласаң. Ертең бир жерге қонаққа атланамыз!—деди.

Ертеңине оның машинасына отырып, қонақ болатуғын жерге жүрип кеттик. Шақырған үй ауылда, және қурғын хожалықлардың биреуи болып шықты. Қашшан ақ бир жанлықты сойып таслапты. Бир галстүк таққан жигит геллени үйтип, ал қалғаны қазанда бүлкилдеп қайнап атырған екен. Қәдимгидей шай ишилди. Соң биринши аўқат пенен бирге мойынлары жылтырап экстраларда келди. Биринши тостты гаражымыздың баслығы узақ айтып болып:

— Ал, әпиў етесиз. Бөтекем азлап аязлап ишиўге болыңқырамай жүр. Мен ушын мына мениң жас хызметкерим алып жибереди!—деди.

Маған оның «хызметкерим» деген сөзи «дүңгирим» дегендей еситилди. Дәрриў рюмканы босатып таслалдым. Азырақтан кейин және алып жибердим. Соң және...

Гараждың баслығы мени бир айдай дүңгир етип жүрди. Бир күни күндегидей жумыс орнымда, еки жеринен жарылған камераны жамап отырсам, жанымда биреў күлимсиреп тур. Жүзине жалт қарап өз көзиме өзим исенбедим. Автобазамыздың директоры. Қолымды узақ қысып турып:

— Ал, сен бала маған керексең. Неге екенин билетуғын шығарсаң. Гараждың баслығына Қырымға бир путевка тауып берип, сени зорға сорап алдым. Бүгиннен баслап мениң дүңгиримсең,—деди.

Мен оған үш айдай дүңгир болдым. Төртинши айға қарай болыў несип етпеди. Мениң оған дүңгир болып жүргенимди автобазадағы асқазаны гастрит болып арақтан қағылып жүрген жигитлер еситип қалып:

— Бизлерге де гезеклесип дүңгир болсын,—деп шатақ салды.

Усы күннен баслап, мен автобазаның жаңағы ас қазаны аўырып ише алмай жүргенлердиң және бир неше жигитлердиң дүңгири бола басладым.

Олар мени гезеклесип,той-мерекелерге табанымды жерге тийгизбей алып кететуғын болды. Бара-бара мен ушын өз-ара таласып қалып, арнаўлы түрде таяр-

лаған дизимге жазылатуғынды шығарды. Бул да ҳеш гөп. Гейде бир отыриспалардағы рюмкаларда аўысып қалған арақ болса, еринбей бир шийшеге жыйнап ҳуйып әкелип иштирип кететуғын болды. Бунын изи жақсылыққа апармады.

Мен усы күнлери камера жамағанды қойдым. Ҳешкимниң дүңгири де емеспен. Қолларым қалтырап емлеўханада жатырман. Бирақ бос емеспен. Ҳәр қыйлы дәри-дәрмақлардың дүңгирimen

# СОНАНЫ НЕГЕ СЫЙЛАЙМАН

Сонаны билмейтуғын адамлар, арамызда жекке-сийрек шығар. Ол сәл-пәл ҳәррелеге бейимлесиңкиреген, лийкин оған қарағанда недәуир томпағырақ және бәрҳәма ызылдаўы менен өрли-ғурлы ушып жүретуғын жәнлик. Ушыраспайтуғын жери жоқ. Пайтахтымыздағы күнде базардың ширели орынларында, универмагтың азық-аўқатлар сатылатуғын бөлиминде, пышық мурны батпайтуғын дут тоғайларда, қулласы көпшилик жерлерде гезлеседи. Өзи де барып турған қырсық. Набада тап бола қалсаң, өзиниң өмир аллада таўысылмайтуғын «ыз—ыз»ын шертип, қулақ шекеңниң түбин айланшықлап шықпайды.

Әне, усы бир қурттай жәнликти, мен қатты сыйлайман ҳәм ҳүрмет етемен. Буған ийиниңизди қысып таңланбай-ақ қойың. Өйткени оның өз алдына бир тарийхы бар...

Өткен бәҳәр айы еди. Әп-әнедей, ҳой минезли ҳаялым, қәпелимде қас қағымда өзгерди. Жоқарғы саў тислерин, алтын менен уқшатып қаплатты да, булттың арасынан шыққан күндей жарқылдап кетти. Лийкин, жарқылдағанның атасына мың нәлет, ол бурын өзинде жоқ қылықларды шығара баслады.

Әдеп, оның аўыз кеңислигиниң ислеў тәртиби, онбағандай болып бузылды.

Өзин жүдә ҳәм жақсы көрер едим. Усы жай сөйлегенинде, аўызы оймақтай дөңгеленетуғын еди, енди қапылып тис салдырды да, дәуеттей дөңгеленетуғын болды. Бунын үстине азанда турып есинегенин көрсең, тоба, жағаңды қос қоллап услайсаң.

Бурын ақ шабақтың аўызындай ғана ашылатуғын

сүйкимли аўыз, енди бир нәрсени жутыўға қолайласқан ылақаның аўызындай ашылар еди. Усы мәҳәллери жан ийиниме от түсип, әлле қәйтип бир тәрепине қарай айырылып кетпесе болғаны ғой деп, бәрҳама көк дәри менен йодты қолайластырып, аўзына пилдей үңилип отырғаным, отырған.

Бәле болды, бул алтын тискер. Күлиўи де өзгерди. Самарқандтың тас табағына түскен гүмис теңгедей сыңғырлайтуғын еди, енди өлик тапқан ғарғадай ғарқылдайтуғын болды.

Ирети келгенде айтып кетейик. Ҳаялымның тис салдырыўы да, бизге үлкен бир дөҳмет болды. Күн қурымес, кетеклердеги бала қоразлардан да бурын оянаманда, уйқысырап жүрип кийинемен ҳәм тис поликлиникаға ушып барып гезекте тураман. Соннан саат онларда ҳаялым қалғып келип, мени аўмастырады. Бирдейине кешиге берген соң, жақсы болама. Ислеп атырған жеримнинде шыр-пыры шықты. Ақыры тамырласып кеткен баслығымыз, есигиме «саат он бирден баслап ислейди» деген дағаза жазып, тыныш тапты.

Үш төрт күнликте, оның менен базарға шыға қойып едим, қудай сақласын. Қайтып бирге жүрмеске, қалтамның түбинен шыққан нанның усағын услап турып ант еттим. Оның жанында жүриў сумлық.

Әдеп, базаршыларға лыққа толған автобуста, мени ҳәм өзин бир масқара қылды.

— Ҳай кондуктор,—деди бизиң ҳаял, бизлерден арырақта билет жыртып атырған оған назлана сөйлеп.— Неге бизлерден келип билет алмайсаң.

— Аламыз, узатып жиберсеңизде болады-ғо!

— Неге узатып жибереди екен сизге!—Ҳаялым аўызын мүмкиншилиги болғанша ашты ҳәм алтын тислерин жарқылдатып сөйледи. —Ямаса алтын тиси барлардан билет алмайсаң ба?...

Кондукторда жулқынған ҳәм көзи темекиниң жапырағындай көк-көңбек ҳаял екен. Мойынындағы сумкасындағы тийинларын бир шыңғырлатып алды да, көрсеткиш бармағын бизлер таманға шошаңлатып сөйлеп кетти.

— Мақтан ба қатын әй, төрт түйир алтын тисиңе,

— Мақтанаман! Ҳе... неге мақтанбайды екенмен, билдиң бе?

салдырсам өзимниң пулыма салдырдым дә!—деди, бизиң жаманда оннан қалыспай.

— Сол пулларыңа оннанда,—Кондуктор жеңгей маған қарай мысқыллап ийек қақты.—Ана жанындағы сүмирейип турған байыңа таза қалпақ сатып әпер. Анаң қара басындағысына бауырсақтың майы жуғыпты.

Автобустың ишинде дуў күлки көтерилип, көзлери парт болғырлардың, бәриде мениң қалпағыма тигилди. Қып-қызыл болып кеттим. Шынында да қалпағыма май жуққан еди. Тазасын әне аламан, мине аламан деп жүргенимде, пулы ҳаялымның алтын тислерине жоян болды.

Базар жайдың саўсап турған дарўазасынан ишке кирген сонда, ҳаялым ҳәддинен дым асып кетти. Қапталында епелеңлеп ерип киятырған, мениң менен сирә жумысы болмады. Умытып кетти де, қәдимги әдетине көшти. Қарсы алдынан шығып атырған, көкирегинде жаны бар еркек көрсе, аўызын үңирейтип ашады да, алтын тислерин жарқылдатып өте шығады. Келген жумысымыз, картошка алыў керек еди. Ол ҳәр қайсысын бир түртип, узақ жүрди. Бәриде унамады. Ақырында «тез писеди» деп ларектағы он жети тыйынлық картошкадан бир ярым кило алып үйге қайттық.

Усылайынша күнлер өте берди дағы, бир күни ҳаялымның туўылған күни келип қалды. Жылдағыдай быйылда, оны тоғайда өткериўди уйғардық. Таза ҳаўада ҳәм қойыў көлеңкеде өткерилетуғын отырыспаққа не жетсин. Ақыры шампанлардың паңқылдысы менен хрустал рюмкалардың сыңғырлысына, бүлбиллер қосып сайраса не деген үлкен абырай ҳәм бахыт!

Бул отырыспаққа, ҳаялымның жети атадан берги ағайын-туўысқанлары менен бирге оның ЗАГС те тастыйықланған күйеўи болғаны себепли менде қатнастым.

Көп узамай көк шөпликтиң үстине жасалған, мол дастурханды дөгереклеп отырдық. Шампанларды паңқылдатып ашып, рюмкаларымызға шүмпилдетип қуйдық. Дастурханымыз оғада бай еди. Шабазымның, гөш комбинатта ишек қарын жуўыўшы болып ислейтуғын шешеси, қарыннан неше түрли пироглар ҳәм жигирмалаған бақай писирип әкелипти: Дәмли ийиси мур-

ымызды жарды. Қалалық кондитер цехындағы мас-тер ағасы да бос келмепти. Дастурханның жанын шығарып безеп таслады. Ҳаялымның аты жазылған торт, прайниклер, бесквит, ҳәтте тартынбай бир банка повидлода алып келипти. Бул қулқыннан өтетуғын мазалы аўқатлар ҳәм рюмкалардағы ширели шампан, тоғайдағы ҳәррелер менен соналарға да оң түсти. Буларға олар қууанысқандай, өзлеринше ушып-қонып ызылдасып жүр.

Биринши тостты ҳешкимнен сорамай-ақ, мениң қайын атам алды.

— Ҳүрметли қонақлар!—деди ол бир жөткиринип алып. — Мен қызымды туўылған күни менен шын жүрегимнен қутлықлайман ҳәм оның алдағы өмири аўызындағы алтын тислериндей болып жарқылдай бериўине тилеклеспен!

— Рахмет папа!—Қызы оған миннетдаршылық билдирди ҳәм шампан қуйылған рюмкасына қонбақшы болған бир сонаны үркитип жиберди. Оннан кейин ол, қәдимгидей аўызын барынша ашып, алтын тислерин жалтылдатты. Бизлер ҳәммемиз жабыла қол урдық.

Екинши тост, тақыр бас, еки урты семизликтен төмен салбыраған, жүзи шийсдей қып-қызыл, тортқа семирген жигит ағасына берилди. Берилген жоқ аў, теңселип өзи турды да, қолындағы рюмкасын мурнына тийгизип сөйлей баслады. Түсиникли. Ол қарындасының туўылган күнин, таң сәҳәрден белгилеўди баслаған.

— Ҳим... жолдаслар!—Ол теңселип баратырған өзин, зорға тутып алды— Мен де туўысқан қарындасымның ана алтын тислери ушын и-ше-мен!

Тағы рюмкаларымыздағы шампанды, өңешке қуйдық. Соң дуў-дуў қол шаппатланды. Ҳаялым ҳәм ырғалып орнынан турды да, ҳәммеге миннетдаршылық билдирди. Буннан кейин әдеттегидей алтын тислерин көрсетиў ушын, аўызын жаңа аша берип еди, күтилмеген қолайсыз ўақыя жүз берди. Бағанағы үркитип жиберген сона, оның үңирейген аўызына ушып кирди де кетти. Өз көзим менен көрдим, оның үлкенлиги анаўмынаў байыўлының көзинен кем емес. Болды қызық, болды тамаша. Оның қолындағы рюмкасы жерге түсип кетти де, сол заматта ақ ўай-ўайын салып, уртла-

рып шапиатлаўы менен басының аўған жағына қарай қашты. Бизлер тура қуўдық. Ақыры өлдим-азарда қоршалап услап алып, аўызына жабыла үңилсек, сона қашшан ақ өз исин питирипти. Тилиниң төрт, уртының үш жерин оңбағандай қылып шағып алыпты.

Оның аўызынан ығалланып шыққан сона рехимсизлик пенен жазаланды. Қос қанатын қайын атам жулып таслады. Тумсығы менен аяқларын ағасы сигаретаның қозына күйдирди. Қалған жағын шешеси өкшесине салып бир неше мәрте езди. Ал мен болсам, жансыз қалған ол бийшараны, ишимнен «топырағың торқа болсын» деп губирлениўим менен жерге көмдим...

Усы, усы екен, бизиң ҳаял бурынғыдай аўызын орынсыз ашыўын түп-тамырынан қоя қойды. Енди ашсаплақанын басып, мәдениятлы түрде ашатуғын болды... Енди түсинген шығарсыз. Мениң неге сонаны сыйлап жүргенимди ҳәм ҳүрмет ететуғынлығымды.

## СЫРЫМ ДА УСЫ ШЫНЫМ ДА...

Жақында ғана қала сыртында ашылған орайлық бензин қуйыўшы станцияға келдим де, аппақ «Жигули» машинамды шүйик еттирип тоқтаттым. Бахтыма қарай ҳеш қандай гезек жоқ екен.

— Жасы үлкен!—дедим мен пискен тас гербиштен өрилген кишкене жайдағы муртлы, жақлары қуўсыйған, арық, бети-жыйрық-жыйрық бензин қуйыўшы кисиге қарап,—маған 20 литр бензин бериңизши.

Ол мениң бетиме жалт қарады да:

— Бензинге керосин қосып аласыз!—деди бети булк етпестен. Мен оған ҳайран болып, «ишип алғаннан аман ба?» екен деп, бежирейип қарадым.

— Отағасы! Мен сизге бензин бериң,—деп турыппан, ал керосин керек емес.

— Онда жүдә жақсы! Бензинге солярка қосып алыўға таярлана бериң!

— Ағай, маған бир граммда солярканың кереги жоқ! Бензин керек, бен-зин!

— Бензин дейсең бе?—деди ол. —Берейик! Бирақ оған нигрол қосып алыўыңызға туўра келеди.

— Неге, неге! Неге бензинге нигрол қосып алады,

екенмен? Мен тек бензин талап етип турман, түсинесизбе, бензин!

— Яқшы онда, берекет тап, бақырма! Сизге нигрол керек болмаса, басқа нәрсе қосып бериў де қолымнан келеди... Қәне, бес-алты килодай солидол сыятуғын ыдыс қарастырың!

Мен бирден қызып:

— Сиз... Сиз ким менен ойнап турыпсыз, сизиң бензин сораған қарыйдарға басқа нәрсе қосып бериўге қандай ҳақыңыз бар? Қәне, шағым китабыңызды бериң!—деп қаттырақ сөйлегенимди билмей қалдым.

— Еле солай ма?—деди ол, орнынан ушып турып,— ал сизиң «импортный» термосларға өтпейтуғын сарқумларды және еки адамлық ләгенлерди қосып бериўге қандай ҳақыңыз бар еди?

Районлық универмагтың ыдыслар бөлиминде сатыўшы болып ислейтуғын мен, күни мененги пәтимнен айырылып, бирден сылбырадым да қалдым.

## ШЫҒАРМА

Муғаллим болып ислейтуғын Султанбай, мектептен күндегиге қарағанда кеширек және шаршаңқырап шықсада өзинше бир ой үстинде толғанып киятыр. Ол бүгин соңғы сабақта, оқыўшыларына өз бетинше шығарма жаздырған еди. Бул шығармада ҳәр бир оқыўшы, өзлериниң ата-анасы туўралы жазыўлары тийис. Қызық. Қайсысы қандай мазмунда жазған екен а!

Ол үйине келиўден жеңил-желпи аўқатланып алдыда, жазыў столына отырды. Иши дәптерлерге лыққа толған, телетин сары портфельин ашты. Ең биринши қолына илинген көк дәптердеги шығарма жүдә төмен жазылыпты және қәтеси көп екен. Шыйырып турып алып «2» баҳасын қойды. Буннан кейин және биреўин алып ашып оқып тексере баслады. Ол шығарма былай жазылған:

— «Менең папамның аты Қазақбай. Ол үкен жумыста ишлейди. Районымаздағы ЖКО ның баслығы Адамларға жай беред. Астында көк «Москвич» масина бар. Жумысына соны минип қатныйды. Гейде мениде миктепке сол москвичи менен әкслип салады.

Папамды мен жүдә жақсы көлемен. Ол маған ҳеш-

қандай бақылмайды. Бәрҳәма басымнан сыйпап, жоқарыға көтирип еркеллетеди. Егерде ким бақырса, папам оған урысып таслайды. Сонысын қайсы муғаллим «2» қойса маған келип айт деп қойыпты. Айтайын дисем еле «2» алган жоқпан.

Бул папам туўралы еле де көбирек жазыўыма болар еди. Бирақ дым елинип кеттим және ручкамның сыясы таўсылып қалыўы мүмкин. Соның ушында мен, усының менен папам туўралы шығармамды тамамлайман!»

Муғаллим қызыл кәлемин тислеп ойланып қалды. Өмириниң ишинде бундай қәтелери көп шығарманы, усы көрип турыўы. Дәптердиң бетлери бастан аяғына қызылға боялып қалды. Бул шығармаға «2» қойсанда көплик етеди. Бажырайтып турып «1» ди қойыўға турарлық. Лийкин, бул жүўернемектиң басқа жағын ойлап, ол қыйланыңқырады. Усы баланың папасының дизиминде, өзиниң жай алыўда гезекте турғаны ядына түсти. Буғанда үш-төрт жылдың жүзи болып қалды. Енди жақын күнлерде беретуғын шығар. Гезегиде жақынлап тур.

Ол әри-бери ойланып, ақырысында бул шығармаға «4» баҳасын қойды.

## МЕН, ТАМАРА, ТЕЛЕФОН ЖӘНЕ ҒАРБЫЗЛАР

Базардан үйге зорға көтерип келген еки ғарбызым да қам шықты. Бундайда шийшедей шытнайтуғын ҳаялым Тамара маған келе тийисип кетти.

— Ҳаў, ғарбыз дегенди көрип, шертип алмай ма екен?

— Ким билипти оны...

— «Ким билипти оны»—деди ҳаялым өзиниң үйреншикли даўысы менен мени ермеклеп,—өзиң де еркекпен дейсең-аў, көк ғарбыз бенен пискен ғарбызды айыра алмай...

— Ҳаялымның мына сөзлери алты жүйемнен өтип, жүрегиме барып оқтай қадалды. Бирден қан басымым артып, ашыўымды кимнен аларымды билмей турғанымда ишки жайдағы телефон шыңғыр ете қалды. Тура жүўырдым.

— Аўа!

— Ассалаўма әлейкум! Бул Кеңесбай аға ма?

— Уәлейкум ассалам! Аўа өзимен!—дедим зорға өзимди басып, алжасып звонить етип турған трубкадағы бийтаныс даўысқа.—Не айтажақсаң?

— Ана еки машина ғарбыздың биреўин сизиң айтыўыңыз бойынша бас бухгалтердиң үйине түсирдим. Енди екиншиси туўралы сизден сорамақшы едим.

— Екиншисин туўра Қоңыратбай ағаның үйине түсир,—дедим мен өзимниң атымды өзим айтып.

— Қайсы Қоңыратбай?

— Сен оны танымайсаң. Бизиң жақын ағайинлер. Тамара деген келиншеги бар. Үйи көпирден өткен жердеги шеп жақтан үшинши жай. Түсиндиң бе?

— Түсиндим Кеңесбай аға?

— Түсир де кет. Ҳеш нәрсе алып жүрме...

— Яқшы.

Трубканы қойдым. «Не ислеп қойдым» дедим, өзимнен өзим гүбирленип. Ойланып-ойланып ақыры бәринен қолды бир-ақ силтедим. Болар ис болды. Енди бир машина ғарбыз келмей турып тезирек үйден тайып турыў керек.

Дәрриў кийиндим де асханада май шыжылдатып атырған ҳаялыма бақырдым:

— Тамара!

— Неўе?

— Мен жумысқа кеттим. Ҳәзир үйге бир машина ғарбыз келеди. Жақсылап түсирип ал.

— Не дейсең? Өйтип сен кимсең?

— Яқшы, көресең ғой!

Жумыс бетимдеги телефон шыңғыр ете қалды. Трубканы көтерип едим, Тамараның кеўилли даўысы сыңғырлап қоя берди.

— Бағана сени өтирик сөйлеп кеттиме десем, айтқаның келди. Түсирип атыр...

— Не дейди?—дедим бақырып,—түсирип атыр дейсең бе?

— Аўа! Келиўден Қоңыратбай ағаның үйи усы ма? деди. «Аўа» дедим. Сорағаннан кейин атымды да айттым.

— Молодец!

— Не дейсең?

—Сени мақтап атырман!

— Ҳә, солай ма әйтеуир. Жумысыңнан ертерек қайт, бөрек писирип қояман.

Трубка қойылды. «Ой Тамара-ай! Сен еле бийхабарсаң аў. Түсирилип атырған ғарбызлар алжас олжа гой».

Арадан үш-төрт саат өтпей-ақ үйге қайтадан телефон соқтым.

— Аўа!

— Мен, Қоңыратбайман, Бөрек писирип...

Сөзимди даўамлай алмадым. Ҳаялым трубкадан жекиринип қоя берди.

— Ҳә қудайым, Қоңырат болмай кеткир! Мени бүйтип соншa көпшиликке масқара қылып.

— Ҳаў, не болып қалды, өйтип?—дедим жортаға түсинбегендей бола қалып.

— Не болып қалғанды билесең! Үйге келе бер! Ҳәзир мылжыңласып турыўға ўақтым жоқ!...

— Ҳаў, соншама не жумыс шығып қалды?

— Бағанағы түсирилген ғарбызларды қайта жүклесип атырман.

Трубканы орнына қойдым да столыма сылқ етип отыра кеттим. Олар ҳаялыма ғарбызларын жүклескени ушын бир неше пискен ғарбыз қалдырмаспа екен? Қалдырар аў...

## ПУКТА АДАМ

Артықбайды қоңсы қобалары «пухта адам» деп атайды. Ол шынында да пухташылықтан алдына адам салмайды. Оның пухташылығы сондай, шырпы шақса да аўзына, суў уртлап турып шағады. Қәпелимде оннан ушқын бир жерге түсип кетеме деп қорқады. Жумысынан қайтарсын кеңсесиндеги телефонын сейфке салып кетеди. Ал үйине келген соң аяғындағы иши жүн ботинкасын шешип болыўдан ишине тышқанның дәрисин сеўип қояды.

Ол еле ат қойылмаған плансыз көшениң шебень төселген жағында турады. Былтыр жақсы жай салды. Төбесин мәйек формасында бес алты мәрте топан ылай менен сыбады. Тырнағына ызғар өтип кетпеўи ушын Қазақдәрьяның қамысын ҳәм төрт қабатлап қара қағаз төседи. Булардың үстине үш жүз килодай қарамай еритип қуйды. Халық «От пенен суў тилсиз жаў» деп

бийкарға айтпаған ғой. Есигиниң алдынан сарқырап ағып туратуғын ени бир қарыстай қурттай салманың ернегине шел шаўып қойыпты. Ал, ҳаялының нан жабатуғын тандырының жанында шүмпилдеп толған алты бочка суў тур. Күнде азанда турып: «Сууларын таўықлар ямаса шымшықлар ишип кетпеди ме екен? деп көрип турады.

Оның үйлениўи де қызық болды. Район адамлары елеге дейин аўызларынан түсирмей гүў-гүў әңгиме етип жүр. Пухталық пенен үйленди. Қыздың қандай кийимлерди жақсы көретуғынлығы туўралы мағлыўмат жыйнады. Үйине ҳәр нәрсени сылтаўлап барып, писирген аўқатының дузын татып көрди. Еринбей еки рет тандырға жаўған нанының арқаларын көрип шықты. Питкирген мектебине барып муғаллимлери менен пикирлесип сөйлести. Ислеп атырған жеринен тың-тыңлады. Районлық почта бөлимине барып, оған қай жақлардан хат ҳәм открыткалар келгенлигин тексертти. Қыздың коңсы-қобаларына бирим-бирим кирип шығып, олар менен ақылласты. Соннан кейин ғана барып оған үйленди.

Ол кишигирим мәкемеде таярлаўшы болып ислейди. Шифоньерден сәл үлкенлеў кеңсеси бар. Айнасы бир қабат еди. Еки қабатлап решётка салдырды. Буның үстине қараўыл ғаррыға айтып, сол тусқа және еки түп шеңгел де көгертип қойыпты. Ал қапысының беккемлигин көрип жағанды услайсаң. Арзымбет устаға ерик ағашынан соқтырып, қалың қаңылтыр менен қаплатты. Гилт сугатуғын тесигине дейин арнаўлы қақпақ ислетип қойыпты. Ишине шыбында кире алмайды.

Азанда оның жумыс баслаўының өзи де қызық. Есигин ашып болып, иштеги кеңсе буйымларына пухталық пенен көз жиберди. Олардың орын-орнында турған-турмағанлығын тексереди. Әдеп календардың бетлерин түўеллейди. Кейин шотының қара ҳәм ақ тасларын айырып санап шығады. Ручкаларын бирим-бирим жазып көреди. Кеште қайтарсын сейфке салып кеткен телефонын алып, асықпай ҳаялының ислеп атырған жериниң номерин тереди.

Бүгинде тап солай болды. Керекли номерин терип еди, трубкадан ҳаялының таныс даўысы еситилди.

— Аўа...
— Алтынайсаң ба?!
— Аўа, деймен.
— Бүгин күн салқынлаўма қалай-қалай, пальтоныңды кийип шықтың ба?
— Кийдим.
— Түйениң жүнинен тоқылған жемпиринди ше?
— Оны да кийдим.
— Анаў күни таза қаладан сатып алған шарфты мойныңа орадың ба?
— Орадым.

Буннан кейин ол трубканы орнына қойды. Сөйтти де бир жеңил гүрсинип алып жумысына араласып кетти. Арадан ярым саат өткен жоқ. Алдына баслықтың секретарь қызы асығып кирип келди де:

— Сизди баслық шақырып атыр,—деди.
— Аманлықпа екен?
— Тез асығыс Ташкентке ушыўың керек. Бизлерге арнаўлы түрде жиберилген жүк бир темир жол станциясында иркилип атырған қусайды. Самолетқа билетте алынды.

Көп узамай баслық оны аэровокзалдың алдына машинасы менен әкелип таслады. Артықбай саатына қарап еди, еле бес-алты минуттай бар екен. Дәрриў автомат телефонның қулағын таўлады.

— Алтынайсаң ба?!
— Аўа.
— Мен еки күнге Ташкентке командировкаға кетип баратырман. Үйден шыққаныңда кранның аўзын жаўып шыққайсаң.
— Болады.
— Газдың да қулағын тас қылып шық!
— Якшы.
— Таўықларға суў қуйыўды умытпа. Еки қоразды бөлек қама. Урысып қалып кекиллерин қапатып алыўы мүмкин.
— Болады, сөйтемен!

Артықбай пухташылығына қашып, ҳаялына буннан басқа да тапсырмалар бере баслады. Тек ол бир нәрсеге пухталық ете алмай қалды. Оның самолети бул ўақытта аспанға көтерилип кеткен еди...

## МЕНИҢ ҲАЯЛЫМДА СОЛАЙ...

Дуньяда ҳаялың менен азырақ өкпелесип, ол төркинине кетип қалғаннан жаманы жоқ екен. Тағы буның ең барып турған азабы көшедеги жигитлерге оның неге кетип қалғанын түсиндириў.

Ол күнде таң азаннан басланады. Бүгинде тап солай болды. Дәрўазамнан жаңа шығып, бес-алты адым-ақ атлағаным, изимнен биреў өкпеси өшип жетти. Өзимиздиң көшедеги, айлығы алған қарызларынан аўыспай қала берстуғын Қалбай екен.

— Келин кетип қалды деп еситтим бе?—деди ол ҳаплығып ҳәм аманлық-есенликте сораспай.

— Аўа,—дедим мен.

— Өкпелесип қалдыңыз ба?

— Өкпелестик.

— Қыйын болған екен. Кеўлине келетуғындай бир нәрсе деген шығарсаң.

— Ҳеш нәрсе деген жоқпан!

— Онда неге кетеди? Я айлығыңды әкелип бермедиң бе?

— Түўеллей алақанына салдым. Керек десең, усы жылдың он үшинши айлығында қосып бердим.

— Яқ, сен жасырып турсаң,—деди ол басын шайқап исенбей.—Мен ҳаялларды бес бармағымдай билемен. Олардың барлығы да бир сорт. Не өкпелесиў болса да усы айлықтың үстинен болған. Демек, қолына толық әкелип бермегенсең. Мениң ҳаялым да солай. Ҳәр айлықта бир тақыр жерден шаң шығармай қоймайды, үш рет усы бир айлықтың себебинен төркининде айлап «қонақ болып» қайтты.

Ол буннан кейин тағы бир көп нәрселерди айтып, басымды бираз қатырды да соң жумыс бетине қарай жүрип кетти. Мен де өз жолыма түстим. Бирақ, көп жүрмедим. Қапталымда бир жеңил машина шүйкилдеп тоқтап, ишинен биреў ырғып түсти. Машинасынан таныдым. Өзимиздиң көшедеги домкомның баласы Ғаный екен.

— Сени көрип қалғаным жақсы болды,—деди ол қолын ийниме салып қуўанып. — Болмаса жумыс бетиңе баратыр едим. Ал, бала сөйле!

— Не сөйлейин?

— Неге қурдас кетип қалды? Шыныңды айта бер. Жумыс бетиңдеги бир қызлар менен шатасып қалыппа един?

— Қаяқтағыны айтпа? Ондай бәледен аўлақпан!

— Онда неге кетеди? Я үйде қонбап па единң?

— Үйде күнде қонып жүрмен!

— Яқ, сен меннен бир нәрсени жасырып турсаң,— деди ол, исенбей.—Басыңды айландырып жүрген биреў бар шығар. Болмаса, қурыдан-қуры ҳаялың кетип қалмайды. Мен ҳаялларды жақсы билемен. Олар қызғаншақ болып келеди. Мениң ҳаялымда солай. Машынымда отырған қыз көрсе болды, дәрриў урыс шығарады. Сөйтип төркинине ҳайт қояды. Мениңше сениң ҳаялыңда тап усы себептен кетип қалған...

Жумыс бетимде де тыныш отыра алмадым. Алдымдағы қызыл телефон шыңғыр ете қалды. Күтилмеген ўақыя. Қара теңизде дем алып атырған көшемиздеги ширкетшиниң баласы Қутыбай екен. Даўысы трубкадан зорға еситилип тур.

— Алло, Каналбайсаң ба?

— Аўа.

— Мен де кешеден бери уйқы жоқ. Клараның кетип қалғаны рас па?

— Алло! Оны қаяқтан еситип жүрсең?

— Өзимиздиң дем алыўға келген жигитлерден. Басқа сөзди қояйық. Ўақыт аз, он минутқа ғана заказ еттим. Сөйтип, енди қурдастың кетип қалғаны ырас па?

— Ҳаў, рас дедим ғой!

— Сизлерге усы не жетпей атыр, түўе?! Ертеректе ол бир алтын сырға аламан деп жүр еди. Соған бақырдың ба?

— Яқ. Ол алтын сырғаны қашшан алып тағып жүргени.

— Онда неге кетеди? Я сол сырғадан алтын тис салдыраман деппе еди?

— Ондай сөз арамызда болған жоқ.

— Яқ, сен жасырып турсаң,—деди ол трубкадан барынша бақырып сөйлеп.—Сен мени алдай алмайсаң, жора. Ҳаяллар дегенди жақсы билемен. Олардың любойы алтыннан исленген жылтырақ нәрселерге қызыққыш болып келеди. Мениң ҳаялымда солай. Талай мәрте усының үстинде шайдай айқастық. Сол ушын неше

мәрте төркинине де кетип қалып жүрди. Так, что сениң ҳаялыңда тап усының үстинде үйине кетип қалған...

Түн ортасында биреў есигимди қақты. Пердени түрип қарасам, көшемиздиң басында туратуғын Көбейсин екен. Жанында бир милиционер. Еки күнликте мәс ҳалында ҳаялына қол жумсап, иркиўхана да он сутка жатырған еди. Бул жерге қалай келип жүргенине ҳайранман.

— Ал, мен оғада асығыспан,—деди ол ишке кириўден сөйлеп.—Мына дежурный милиционерге жалынып бес минутқа ғана келип отырыппан. Аўылласымыз еди. Жалынып қоймаған соң зорға келисим берди. Онда да исенбей бирге келди. Ал, рас па?

— Не, рас па?

— Клараның төркинине кетип қалғаны?

— Аўа, үш-төрт күн болды.

— Әп-әнедей болып жүр еди ғой. Сен де тынышыңа жүрмейсең. Ишип келип, оған қол жумсап па едиң?

— Ўәй, яғә. Керек десең оған барамағымды да тийгизген жоқпан!

— Яқ, сен шыныңды айтпай жасырып турсаң,—деди ол жүзиме тигилип.—Оны көзиң айтып турыпты. Мениң билмейтуғыным жердиң астында. Ҳаяллар дегениң бир жәнжелпаз халық болады. Мениң ҳаялымда солай. Ишип келип, азырақ қолың тийип кетсе болды. Төркинине қарай қайқаяды. Я болмаса қаматады. Демек сенде ишип келип, оған қол жумсағансаң. Болмаса, ҳаял кетеме? Тегинликте кетпейди...

Жақында ҳаялым менен қайта жарастым. Ол үйге қайтып келди. Бирақ, бир қызығы көшемиздиң жигитлериниң биреўи де: «Құрдас келипти ғой, оң болсын!» деп қуўанып, үйге бас суққан жоқ.

## ЖАҢА ПИКИР

Районымызда шығатуғын газета редакциясына кирип бардым. Онда мени усы газетаның әдебий хызметкери бир жап-жас ғана жигит қабыл етти. Ол мениң әкелген еки ярым бетлик гүррициңимди бир қатар көзден өткерип шықты да:

— Гүрриңиң оғада жақсы жазылған. Бундай етип

жазыў хәркимниң қолынан келе бермейди. Тек бир жеринде ғана азырақ кемшилиги бар екен!—деди.

— Қандай?

— Гүрриңиңде бир шарўа кемпир тезек жағып жылынады екен. Усы бир жерде басыма бир жаңа пикир келип қалды. Мениңше, кемпир тезек жақпай ақ қойса екен. Басқа бир отынның түрин, яғный сексеўил жақтырсақ қалай болады. Ол тезекке қарағанда әдеўир таза және мәдениятлырақ емес пе?

Бир ҳәптеге апармай гүрриңимди қайта иследим. Сөйтип кемпирге бир арқа сексеўил жақтырып, соған жылындырып келдим де, газетаның бөлим баслығының алдына кирдим. Ол гүрриңимди үлкен қызығыўшылық пенен оқып көрди де:

— Маған гүрриңиң қатты унады. Нағыз аўыл турмысынан алып жазылған тема. Бирақ, бир қурттай кемшилигин илип қалдым. Ҳәзир сексеўил дегенин қатты қорыққа алынып атыр. Қумның көшпеўи ушын оның пайдасы зор қусайды. Сол ушын қалай болмасын кемпирге сексеўил тухымын жақтырмаўымыз керек. Усы жерде басыма бир жаңа пикир келип қалды. Кемпирге басқа бир нәрсе жақтырып, соған ақ жылындырсақ қалай көресең?

— Онда не жақтырайық?

— Мениңше көмир жақтырғанымыз мақул. Ол қызғынлы болып келеди. Түтини аз, және узақ жанады.

Гүрриңимди және қайта ислеўиме туўра келди. Кемпирге бир ләген көмир жақтырып, дәрриў соған жылындырдым да газетаның жуўаплы секретарының алдына кирдим. Ол гүрриңимди басын көтермей оқып шықты да:

— Қутлықлайман, зор гүрриң. Ол өзиниң оқыўшысын ериксиз әлле қаяқларға жетелейди. Әсиресе басланыўын қатырыпсаң. Тек бир ғана жеринде қурттай ғана дүзетип жиберетуғын жери бардай. Қолдан келсе кемпирге көмир жақтырмағанымыз мақул. Өйткени, оның тутаныўы қыйын. Көп үрлеў керек. Ал, кемпирлер көп үрлей алмайды. Жүреклери қысып қалады. Тағы ҳәр бир көмир жанғанда өзинен уўлы газ бөлип шығаратуғынын умытпаў керек. Қәпелимде, өзи кемпир адам тез уўланып қалыўы мүмкин. Усы бир жерде басыма бир жаңа пикир келип кетти. Мениңше, кемпирге лам-

ламмай менен жанатуғын әпиўайы ғана үш пиликли керогаз жақтырып, соған әсте ғана алақанын тутып жылындырып көрсек қалай болады. Еки бастан гүз айы, кемпир буған тоңа қоймас. Оқыўшылар толық исенеди! — деди.

Бес-алты күннен кейин гүрриңимди және қайта ислеп тасладым. Кемпирге үш пиликли керогаз жақтырып соған әсте ғана жылындырдым да, газета редакторы орынбасарының алдына кирдим. Ол гүрриңимди ишинен гүбирлеңип оқып шықты да:

— Әне, нағыз гүрриң деп усыны айтыў керек. Бәринен де ўақыялардың избе-из раўажланыўына таң қалдым. Тек бир жери ғана унамай қалды. Гүрриңде кемпирге керогаз жақтырғанымыз пүткиллей надурыс. Ол лампамай қуйылғаннан кейин оғада қәўипли. Ҳәр бир жаңа шығармада өрт қәўипсизлигин сақлаўымыз керек. Усы жерде мениң басыма бир жаңа пикир келди. Кемпирге керогаздың орнына газ ошағын жақтырсақ қалай болады. Әне, сонда бизиң көз алдымызға жаңа турмысқа нық қәдем таслаған заманагөй кемпир келеди!—деди.

Гүррińимди және қайта ислеп, кемпирди «заманагөй» кемпирге айландырып, оған газ ошағын жақтырып узақ жылындырдым. Сөйттим де, газета редакторының алдына кирдим. Ол да гүррińимди оқып шықты да:

— Мына гүррińińди тез аўдармашыларға берип, басқа тиллерге аўдарт. Қатқан гүрриң екен. Үлкен сүйиспеншилик пенен оқып шықтым. Тез күн ишинде газетаға басып шығарамыз. Бирақ, бир жеринде демде оңланатуғын кемшилик бар қусаған. Буны дүзеп жибериў ушын басыма бир жаңа пикир келип қалды. Кемпирдиң аты, кемпир. Усы оған ҳешнәрсе жақтырмай-ақ қойғанда не қылады!

— Ҳеш нәрсе жақтырмаганы қалай?

— Солай. Мениңше қартайған кемпирди ҳәлеклеп, оған газ, анаў-мынаў жақтырыўдың кереги жоқ. Ақыры, ол өзи зорға отырған кемпир. Оннанша биз оны тамының алдындағы қәдимги кемпир қуяшламаға шығарамыз да, күнге қыздырынып отырған қыламыз. Қалай, мениңше жаңа пикир?!

Ақыры солай болды. Көп узамай бул гүррińим га-

жота бетинде басылып шықты. Онда кемпир ҳешнәрсе жаңнан ақ пәкизе ғана қуяшламада қыздырынып отырады.

## ГҮРЖИ ИЙТ

Бизлер туў қайда барып, «Кепе аўыл» да турамыз. Айланамыз қалың дүт тоғайлық. Жасыратуғыны жоқ, қонақ-понақ келгенде соярмыз деп сақлап отырған онлаған шайтан таўығымыз бар. Әттең соған күнде сағал топылып, тынышлық бермеди. Бул аздай бир күни күпа-күндиз қас пенен көздиң арасында бир шөжели таўығымызды алып өтә кетти. Оларды қорқытыў ушын мылтық көширгенимиз, қораның айланасына қақпан қурып, бир гөне пальто менен малақайдан қарақшы иелегенимизде пайда бермеди. Сағал деген бәледен қутыла алмадық.

Усылайынша не қыларымызды билмей жүргенде, күтилмегенде совхоз басшылары шақырып қалды. Аманлық па екен деп барсам, өткен жылғы тыңнан жер ашыўда көрсеткен мийнетимди жоқары баҳалап үлкен қалаларға он бес күнлик туристлик сапарға шығып қайтыўға бизге жоллама таярлапты. Бул туўралы ҳаялыма келип ойласып көрип едим. Ол қуўанып қоя берип, маған қудайдың көп нәрселерин әкелиўди тапсырды. Соң түйеден постын таслағандай етип гәп баслап:

— Ал, соннан кейин айтпақшы, ол жақтан үйге бир гүржи ийт алып қайтыўды умытпағайсаң! — деди.

Мениң таңланғанымнан аўызым ашылып қалды.

— Шабазым-аў оны не қыласаң?

— Қалада туратуғын қурдасларымнан еситтим. Сен баратуғын жақтағы базарларда ақыллы, үйиң менен қораңды барынша сақлық пенен қорыйтуғын гүржи ийтлер сатылады екен. Соннан биреўин, тап усы қанша пулға келсе де, алып қайта гөр. Күндиз үйди, ал түнде таўық қорамызды қорытып қояйық. Күйдик ғой, сағал деген бәледен!

Туристлик сапардан қайтыўға бир күн қалғанда, ҳаялымның барлық ал деген затларын алдым. Оннан кейин оның соңғы тапсырмасын орынлаў ушын базарға кирдим. Расында да базарда ҳәр қыйлы ийтлер саты-

латуғын тасалаў бир жер бар екен. Дәрриў қызығып ораллп кеттим. Мине, нағыз ийт деп усыларды айт. Бизиң ҳаялдың әкел деп заказ берген муштай гүржи ийтинен баслап, мойынларында небир медальлары салбыраған ешектей үлкен бульдогларға шекем баршылық екен. Ҳәр қайсысына бир аўызым аңқайып жүргеним де, көзлери ойнақшыған бир жигит жеңимнен тартты.

— Жасы үлкен, жайша жүрсең бе?

— Бир ийт керек, иним!

— Қандай?

— Гүржи ийт. Билмеймен, ҳаялым бир қурдасларынан еситипти. Усындай тухымдағы ийтлер оғада сақ болып келетуғын қусайды. Аўылымызда сағал көп. Қорадағы таўықларымызға күн бермей атыр.

— Ондай болса бери қара, ағайыным. Тап нағыз саған керек, таўық қораны бағыўға үйретилген гүржи ийт алдында турыпты!

Мен оның жип-жиңишке шынжырдағы, жүнлери жер сыйпалаған, қурттай гүржи ийтине көзим түсип күлип жибере жазладым.

— Мына бир муштай ийтти айтасаң ба?

— Аўа. Сен оның қурттай екенине қарама. Ҳаялың бийкарға саған бундай тухымдағы ийтти әкел демеген шығар. Ана ешектей дәў ийтлерден он есе ақыллы. Түнде өзине жақынлаған жат ийисти, олардан он адым бурын сезетуғын таң қаларлық қәсийети бар. Тағы бунын сондай ойыншылын айтпайсаң ба? Гә алдыңғы гә артқы еки аяғы менен тикке жүре алады. Буннан кейин ана мес қарын ийтлерге қарағанда аўқатты аз жейди. Улыўма саған керек ийт. Өзине де көп сорамайман. Жүз жигирма сом бер де ала ғой..

Ҳаялым әкелген базарлықларымды бир қатар көзден өткерип алды. Соннан кейин жол сумкамнан секирип шыққын гүржи ийтти көрип, бирден ақ кеўилленип қоя берди.

— Тап усындай гүржи ийт еди, айтқаным. Пай, жақсы болды, әкелгениң. Қурдасларымның айтыўы рас болса, бундай тухымдағы ийттиң ийисин сезген сағал таўыққа қораларға түсиў былай турсын, аўылдың панайына да жақынламайды екен.

Усы күни кешке қарай мақтаўлы гүржи ийти-

ийтти тауық қораның дөгерегине үйреттик. Ол шынында да сақ екен. Үш-төрт күн қатарына түни менен шиңкилдеп, тынбай үриў менен болды. Тауықлар қоралардан аман-есен шыға баслады.

Бирақ, гүржи ийтимиздиң сақлығы көпке созылмады. Ол таң алдында ғана азырақ үретуғын болды. Онда да тамағы ашырқаған да. Бара-бара үриўдн де қойды. Көп узамай тауық қорадан жэне биримлеп тауық жогала баслады. Енди буған не илаж ислеримизди билмей жүргенимиз де, бир күни таң алдында хаялым мени жулқылап оятып тур.

— Тура гөр, — деди ол. — Тез кийин Қудайым гүржи ийти қурысын. Бизлер оны қораға сағал жақынлатпайды деп жүрмиз аў. Жүр, оның не қылып атырғанын көр!

— Аманлық па? — дедим костюмимди ийиниме желбегей жамыла салып. — Я тауықларды өзи алып жүрме екен.

— Яқ, ондайдан аман. Бирақ, айтыўға қолайсыз Буны журт есите көрмесин!

Хаялым екеўимиз тамды айланып, тауық қорага жақынладық. Мен өз көзиме өзим исенбедим. Ал, саған керек болса гүржи ийт. Тауық қораның берги мушында бир ўақытлары төгилген бир тележкадай сабан бар еди· Соның үстинде бизиң тауықларды сағалдан қорыйды деп исенип жүрген гүржи ийтимиз бир емес, үш бирдей сағал менен қалай болса солай айқасып ойнап жүр. Ой, заңғардың ғана ийти болғаны-әй. Хәтте бизлерди де сезер емес. Жаңағы үшеўи менен хәр бир қуўысып, бир тоңқалақ асысып ойнайма дейсең.

Хаялым жақында бул гүржи ийтти аўылға қармақ қурыўға келген бир балаға ешейин-ақ берип жиберди. Хәзир басқа бир үлкен көпек ийт асырап отырмыз. Қораға сағал тухымын жақынлатпайды. Бирақ, анаў бир сонша пулға алган гүржи ийтимизди де умытқанымыз жоқ. Ара-тура оның қылығын еске түсирип күлисип аламыз.

## ЕНШИ БУҒА

Мине, қуўаныш деп усыны айт. Қуда берсе, әке болыў деген өзи демде екен. Келиншегим жас босанып,

күтилмегенде уллы болдым да қалдым. Көп узамай буның үстине және бир қуўаныш қосылды. «Жиңишкениң тоғайы»нда бажбан болып ислейтуғын қайын атам бар еди. Ол бизиң туңғыш балаға өзинен өзи ийип кетип, еншиге бир төрт жасар үлкен буға атапты.

Мен буған қуўанып кеттим. Айтатуғыны жоқ, хожалық болғалы қаражет деген бәледен қатты тарығыў менен келемиз. Буның үстине тоғыз жыл гезекте турып жай алалмай, ақыры бир кебирликтен төрт ярым сотих жер план алып едик. Ол да қапылып, қаражет жағынан кемис болып питпей атыр.

Ертеңине азанда ерте турдым. Сөйтип балама еншиге аталған буғаны жетелеп алып қайтыў ушын қуўанышлы түрде «Жиңишкениң тоғайы»на жүрип кеттим. Қайын атамның өзи үйинде екен. Ол мениң неге келгенимди дәрҳал сезди де:

— Ақлығыма бир киширек төрт жасар буғамды атадым. Енди қуда қәлесе және бир уллы болсаң, буннан да үлкениреғин атарман. Ол қуйырығының ушында ағы бар, қызыл буға. Тоғайда маллар менен жайылып жүрген шығар. Өзиң бир әмеллеп услап алып кет!—деди.

Мен сол күни усы тоғайдағы аўылда туратуғын үш-төрт адам менен ойласып, балама еншиге аталған қызыл буға туўралы сөйлесип көрип едим. Бәри бирден гүў ете қалды. Бул қызыл буғаны танымайтуғыны жоқ екен. Бәри бирден ғаўқылдасып:

— Ал, иним сениң бахтың бар екен!—деди.

— Неге?—дедим мен таңланып.

— Ол кисиниң онлаған ири-ири буғалары бар. Олар жай буғалар емес. Басына өмиринде жип тиймеген, тоғайда өз еркине жүрип жабайыдай болып кеткен буғалар. Олардың ишиндеги ең жуўасырағы усы қызыл буға. Усыны балаңа еншиге атағанына қуўана бер. Бирақ сен бул буға менен де ойнама. Ол қурып қалғанның өзинде үш жүз килограммдай шығатуғын үлкен буға. Басқаларынан жуўасырағы шамалы. Ашыўға минип кетсе, адамға умтылыўдан да қайтпайды.

— Онда бул буғаны қалай услаўым керек?

— Әне, ең қыйыны усында болып тур. Бизлердиң ақылымызды алыўыңа туўра келеди. Бүгин туппа-

түры келген изиң менен үйиңе қайта бергениң мақул. Ишине бес-алты жигит ертип келип, сөйтип бир услаўға урынып көр. Бәриңиз таяқ, мүйизге тасланатуғын қурық пенен қарыўланың. Болмаса, сениң бир өзиңниң қолыңнан буға услаў өмир алла да келмейди.

Үш-төрт күннен кейин бир сақадай алты жигит болып келип, тоғайды гезип кеттик. Ҳәрқайсымыздың қолымызда таяқ пенен мүйизге узақтан тасланатуғын арқан қурық. Бирақ, дәл үстинен шығып қалган буғаны услай алмай қалдық. Ол бизлерди керек десең пысқырып, панайына да жақынлатпады. Бир мәрте зорға мүйизине илдирген арқанымызға күш бермей сүйреп кетти. Еки рет үзип таслады. Бир мәрте өзлеримизге умтылып зорға тайсалып үлгердик. Болмаса биреўимизди жаратуғын еди. Қулласы қәрем, кеште аўылға қара тер болып қайттық.

Азанда аўылдың адамларының ишинен биреўи узақ ойланып ақыл берди.

— Сизлер ол енши буғаңызды жүз адам болып қуўсаңызда услай алмайсыз. Еле де бирсўиңизди сүзип жазым етпегенине шүкир ете бериң. Мениңше оны услаўдың басқа бир жолын қарастырыў керек.

— Қандай?

— Тоғайда мал дегенниң суў ишиўге баратуғын айырым бир соқпақлары болады. Қолларыңызға бирбирден бел беремен. Ҳеш еринип жүриўши болмаң, буғаны усласаңыз есап. Сол жүретуғын соқпағын таўып алып, бир жерине жақсылап турып ор қазып көриң. Буған түссе шығарып алыўдың бир илажы болар.

Бул ақылды да бир көрейик дедик. Расында да, ол қапелимде бизлер қазған орға ойылып түссе, бизге қудайдың бергени деп қоя бер. Аяқларын тас қылып байлап, трактор менен болса да тартып шығарып алармыз. Алты жигит түске дейин аўыз биршилик пенен қыймылдап едик, демде үлкен бир ор пайда болды. Үстин жуқа шақалар менен жаўып, топырақ себелеп қойдық. Бирақ, кешке қарай бунымыздан да ҳеш нәрсе шықпады. Қазған орымызға бир гезенде ешек ойылып, сонша мийнетимиз бир пул болды.

Ертеңине усы аўылда төрт ҳаял жиберип, бесин-

шисинде тоқтаған бурынғы бир ауылсовет киси бар екен. Олда бир ақыл айтты.

— Иним, ол енши буғанды қалай услап алып кетсенде айыбы жоқ. Соның ушын қолайсызлаў болса да мениңше оны услаўдың бир жолы бар!

— Қандай?

— Сен тартынғанды қой. Усы аўылдан бир рет ғана туўған, жақсы бир қашар таўып алып, ийесинен бир күнге сорап ал. Сөйтте, ол енши буғаның жайылып жүрген жерине байлап қой. Әне, сонда ол бул қашарға шаппай қоймайды. Сол пайытта бир әмеллеп усласаң, услап қалғаның.

Аўылдың нәмнаған адамы айтып турған соң, буны да бир көрейик дедик. Аўылдан бир рет ғана туўған, бир ақ қашардың дереги де табылды. Сол қашарды ийесинен бир күнге сорап алып, алты жигитти алдымызға салып айдап, үлкен үмит пенен тоғайға тарттық. Бардық та ақ қашарды буғалар жайылып жүрген жерге тас етип байлап тасладық. Бирақ бунымыздан да ҳеш нәрсе шықпады. Байлап қойған қашарымызға бажбан қайын атамның үш-төрт буғасы бирден умтылып, қашарымызды өлтирип қоя жазлады. Бәрин таяқтың күши менен жан-жаққа қуўып, зорға қашарымызды аўылға аман-есен жетелеп қайттық.

— Енди бул енши буғаңызды услаўдың бир ғана жолы бар, — деди еки күннен кейин және биреў. — Басқа мениңше ҳеш қандай жолы қалған жоқ.

— Ол қандай жол?

— Атып аласаң?

— Атып?!

— Аўа, атып. Басқа ҳеш мүмкиншилиги жоқ. Жаныңа бир мерген менен қассап аласаң. Сөйтесең де атқан жерин де баўызлап, машинаға тийеп, гөшин шәңгекке өткересең.

Ақыры усылай болды. Жаныма бурыннан жалгызақ атып жүрген бир мерген менен белгили Муйет қассапты алып, тоғайды аралап кеттик. Енши буға жуғарада көрине қоймады. Бир ўақытта енди гүдерди үзип киятырғанымызда күтилмеген жағдай жүз берди. Енши буғамыздың өзи қарсы алдымыздан мойны гүжирейип пысқырынып шыға келди. Жанымдағы мерген албырап атып қалып еди, оқ оған шала тийген болса ке-

рен, бизлерге ашыў менен өкирип тура умтылды. Қаслан менен мерген бир қапталға қаймығып үлгерди. Ал, мен болсам...

Мен есимди емлеўханада жыйдым. Енши буға оңдырмай сүзипти. Бир қабырғамды толық кесип алып таслаўға туўра келди. Төрт ай жатып, зорға келе болып шықтым. Бирақ усы күнлери тағы бир нәрседен қорқып жүрмен. Келиншегим болса және еки қабат.

## КҮЛКИЛИ ШЫҒАРМА

Түслик шайға жаңа отырғаным, үйдеги телефон шыңғыр ете қалды. Бәрҳәмә бир жөткиринип алып сөйлейтуғын әдетинен таныдым. Районлық газетамыздың редакторы екен.

— Ал, Палымбетов, — деди ол. — Саған үлкен бир өтиниш болып тур.

— Айтың!

— Бул тек мениң емес, ал районымыздың барлық газета оқыўшыларының өтиниши деп билгейсең. Бир азырақ қыйналасаң. Бирақ гонорар жағынан ғам жеме, аямай қояман.

— Онда бир нәрсе жазыў керек болды ғой,—дедим мен шамалап.

— Аўа. Дәл таптың. Алдымызда күлки күни киятыр. Соған арнап бир күлкили шыгарма жазып берерсең.

— Күлкили шығарма дейсиз бе? — дедим мен таң қалып. — Ол жазып көрген нәрсем емес. Қәдимги жай мақаланың өзин қыйналып жазып жүрмен ғой, аға.

— Өыяны жоқ, бир урынып көресең, бала. Күлкили шығарма жазып жүргенлердиң шақы жоқ. Бәриниң де сеннен артықмашлығы шамалы. Қалай болмасын жаз. Еки күнниң ишинде алдымда турсын! — Буннан кейин трубканың қойылған даўысы шықты.

Ал, керек болса саған! Бундай күтилмеген тапсырмаға мен албырап қалдым. Соң бүгин ислейжақ болып отырған барлық жумысларыма қолды бир-ақ силтедим. Бурыннан мени қанатының астына алып жүрген адам, қалай болмасын редактордың тапсырмасын орынлаўым керек. Алдыма ақ қағазды жайып таслап, қә-

ләмимди тислеўим менен бир шекелеп ойланып, қатырып бир күлкили шығарма жазыў ушын столыма отырдым. Бирақ, оның менен ҳеш нәрсе ядыма келе қоймады. Қәлемимниң басын ғайзаўдан басқа талабым болмады. Ақыры, азырақ басты шамаллатайын деп көшеге шықтым. Сөйтип көшениң басында пиво сататуғын Алым жорамның көк будкасының жанында иркилдим.

— Алым, жора,—дедим мен. — Аўҳал шатақ.

— Аманлықпа?

— Бир еки күнниң ишинде бир күлкили шығарма жазыўым керек!

— Мениңше оның ҳеш қыйыны жоқ, — деди ол маған ийинин қысып жиберип. — Қай жерде оқығаным ядымда жоқ. XVI әсирдиң басларында ма, ақларында ма жасаған бир белгисиз англичан жазыўшысы не жазса да еки аяғын муздай суўға тығып отырып жазады екен. Сонда адамның ойлаў қабийлети бурынғыдан да бетер артып, уйқысы қашып, басына ең жақсы ойлар келетуғын қусайды. Еки бөлек муз берейин. Сен де тәўекел етип көр.

Үйге келиўден солай иследим. Столдың астына бир ләген суў қойып ишине алып келген еки музды сүңгиттим. Оннан кейин аяғымды тығып, қәлемимди жазыўға қолайлап, басыма бир күлкили шығарма келиўин күттим. Әттең бунымнан ҳеш нәрсе шықпады. Алдымдағы ақ қағазға бир түйирде сөз түспеди. Қайтама қаяқтағы биреўлердиң сүўретин салып таслаппан. Соң суўдағы аяғым тоңып, тислерим-тислериме тиймей қалшылдай басладым. Ақыры алдымдағы қағазды мыжымырлап орнымнан турдым.

— Алло, Жолдасбайсаң ба?—дедим мен азырақтан кейин аяғымды жыллы одеялға орап отырып, китапханада ислейтуғын бир танысыма телефон шылдырлатып. —Сениң бир ақыл—кеңесиң керек болып тур.

—Қандай?

— Бир-еки күнниң ишинде қалай болмасын бир күлкили шығарма жазыўым керек болып қалды.

—Жаздың ба?

—Яқ. Басыма ҳеш нәрсе келер емес!

— Онда былай ет,—деди ол: —Үйиңде арқан барма?

— Аўа,—дедим мен шоршып.

— Қай жерде оқығаным ядымда жоқ. XVII әсирдиң орталарын да ма, ақырында ма, әйтеўир сол әсирде жасаған бир белгисиз француз жазыўшысы аяғын жоқарыға асып, басын төмен салбыратыўы менен-ақ жақсы шығармалар жазған. Өзиниң айтыўынша, буның пайдасы көп қусайды. Барлық қан басына урып, оның ойлаў қабийлетин бурынғыдан бес бетер арттырады екен. Сен де солай етип жазып көр.

Ақыры узақ ойланып, буны да бир көрейин дедим. Әдеп арқан таптым. Соң ҳаялыма ойласып көрип едим, ол аяғымнан жоқарыға асыўға қуўана келисим берди. Дәрриў жеңин түринип, сол заматта-ақ басымды төмен қаратып салбыратты да, люстраны көтерип турған иймек темирге асып таслады.

—Тезирек, ақ қағаз бенен қәлемимди бер,—дедим мен, басыма бир күлкили шығарма келсе дәрриў қағазға түсирмекши болып.

Әттең, бул ойым да пуш шықты. Өлим аўзынан қалдым. Ҳаялым мениң асыўлы екенимди есинен шығарып, қақаңлап баласын көтерип қоңсы ҳаялларға өсек айтысыўға кетипти. Қыйқыўлаған даўысыма үйдиң алдынан өтип баратырған биреўлер келип, мени арқаннан ўақтында босатып алды.

Усы күни кешке қарай және бир жолдасым ақылын айтты. Ол да бир нәрсе билетуғын болып шықты. Қай жерде оқығанын ядынан шығарыпты. IX әсирдиң аяқларында ма, ортасында ма, қулласы бир аты жөни белгисиз испан жазыўшысы түнде минардың басына шығып жақсы шығармалар дөретеди екен. Маған да солай етип көриўге кеңес берди. Ол замандағыдай минарды қаяқтан табайын. Өзимиздиң тамбасына шығып, қағаз бенен қәлемимди дастанып, басыма бир күлкили шығарма келиўин күтип жаттым.

Бирақ бунымнан да ҳеш нәрсе шықпады. Ҳеш қандай күлкили шығарма басыма келген жоқ. Түн ортасында үстиме байыўлы қонып қорыққанымнан жүрегим жарылып кете жазлады. Зәңгини зорға таўып алып жерге түсиў менен болдым.

Еки күннен кейин редактордың алдына қуры қол кирдим.

—Жолдас редактор,—дедим мен төмен қарап.— —Тапсырмаңызды орынлай алмадым.

—Дым жаза алмадың ба?

—Дым. Биреўлерден қалай жазыўды сорастырып көрип едим, оның менен ис питпеди. Қайтама масқара болдым!—дедим де барлық болған ўақыяны оған қалдырмай айтып бердим.

Редактор мени ақырына дейин тыңлап болды. Соң бирден орнынан өрре турып, қуўанышлы түрде бетимнен аямай сүйди. Сөйтти де:

—Сен тапсырманы мүлтиксиз орынладың. Усы басыңнан өткен ўақыялардың өзи, мениңше, бир күлкили шығарма емеспе? Ол газета оқыўшыларымыздың кеўлинен шығатуғыны сөзсиз. Қәне, тез ақ қағазға түсир!—деди қолларын ысқылап.

Редактор айтқанда жан барма! Дәрриў оларды қағазға жаздым да тасладым. Мине усы оқып отырғаныңыз сол күлкили шығарма.

## МАЗМУНЫ


1. Бердан бойдақ . . . . . . . 3
2. Өкпелесип қалдық. . . . . . . . . . . . . . . . . 5
3. Әдетин қоя қойды . . . . . . . . . 7
4. Түсиник хат. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
5. Адам жаманлаў да аңсат емес. . . . . . . . . . . 11
6. Тоқалақ ешки. . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
7. Қассап. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
8. Аэровокзалдан табылған күнделик. . . . . . . . . 20
9. Қараўыл . . . . . . 23
10. 8-Март күнги күнделик. . . . . . . . . . . . . 25
11. Қыз бенен танысыў. . . . . . . . . . . . . . . . 28
12. Мәкемемиздиң абыройы ушын. . . . . . . . . . 31
13. «Командировка». . . . . . . . . . . . . . . . . 35
14. Ем. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
15. Еки усыныс. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
16. Дүңгир. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
17. Сонаны неге сыйлайман. . . . . . . . . . . . . 47
18. Сырым да усы, шыным да... . . . . . . . . . . . . 51
19. Шығарың. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
20. Мен, Тамара, телефон ҳәм ғарбызлар. . . . . . . 53
21. Пуқта адам . . . . . . . . 55
22. Мениң ҳаялым да солай. . . . . . . . . . . . . 58
23. Жаңа пикир. . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
24. Гүржи ийт. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
25. Енши буға. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
26. Күлкили шығарма. . . . . . . . . . . . . . . . 69

На каракалпакском языке

Сайлаубай Жумагулов

**ВОТ ЭТО ПРАВДИВОСТЬ, ВОТ ЭТО СЕКРЕТ**

Сатира и юмор

Издательство «Каракалпакстан»

Нукус — 1984

Редактор Т. Нажимов
Художник И. Қыдыров
Худ редактор Қ. Нажимов
тех редактор Т. Қосымбетова
Корректор А. Аташева

ИБ...2055

Терүўге берилген ўақты 26/XII-1983 ж. Басыўға рухсат етилген ўақыты 6/III-84 ж — Қағаз форматы 84x108 $^{1}/_{32}$ Көлеми 2,375 — — баспа таб. 3,09 шәртли баспа табақ
3,76 есап баспа табақ. Кегель, 10, қағаз № ..РК30063 Тиражы 7000 Заказ №20 Баҳасы 25 т
«Қарақалпақстан» баспасы 742000 Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң «Правда»ның 50-жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты.
742000 Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси. 9.